# ISRAERI NECHECHI 2

. . . nguva ye—yemusangano uno, tiri kuvhura Bhaibheri zvino kuchitsauko 1 chaEksodho, kutanga manheru ano muchidzidzo. Chakareba, chidzidzo chakareba chaizvo, uye tiri kuedza kuchibatanidza mu—husiku hushoma. Chikonzero ndiri kuita izvi, kuti ndinotenda rumutsiriro rwacho rwuchaenderera mberi nemuEsta, uye zvichida rwotopfuurira. Hatitombodi kutanga zvakawandisa zve . . . paunenge uchingonzwa nzira yako. Ndiri mutendi mukuru mazviri izvozvo.

2 Chikonzero ndiri pano murumutsiriro rwuno, ha—handizive. Ini . . . Chinotova chakavanzika zvachose kwandiri. Maneja paandifonera masikati ano pamusoro pemisangano mhiri kuMacon, Nashville uye neikoko, zvino takanzurisa zvese hazvo. Vamwe vavo vaiva nemaodhitoriyamu atanga tichiedza kuwana kwemakore 3 kana 4, 5 akapfuura, anogarwa nevanhu, vakawanda, vanosvika 20,000. Uye . . . takasiya musangano wekupedzisira (ndiregerereiwo) kuMeridian, waiva ne 4,500 mukati, uye hatizivi kuti kunze kwaiva nevangani, vakamira mumvura yainaya nemadutu nezvimwe, isu . . . vakamira kunze ikoko. Uye patakabva kuTallahassee, zvaive zvimwe chetezvo, hatina kutokwanisa kuwana nzvimbo yepokuisa vanhu. Zvino Mweya Mutsvene wakati, "Mira. Enda kumba zvino, mira, Ndiri kugadzirira kukutumira mhiri kwemakungwa." Saka, hezvinoi ndiri pano.

3 Ndichatongobva kukanzura misangano 7. Ndichatongopedza kukanzura misangano 7, uye mumwe wacho muno muIndiana, Connersville. Uye mumwe wacho kumusoro kuAlberta, Canada, munhandare huru ikoko, inogara vanhu 25,000, zvokuti tanga tichiedza kuwana nhandare iyoyo kwenguva yakati kuti. Uye patakangoiwana, nezvese zvagadzirira kutanga misangano yemunyika yose ikoko uko kwatinotarisira zvichida zviuru 30, 40 zvevanhu, Mweya Mutsvene ndokuti, "Mira," ndokunditumira kuno kutabhenakeri sehusiku huno. Maona? Munoona, unofanira kuita zvaAnokuudza kuti uite.

4 Unoti, "Mungatosiya mapoka evanhu vakadaro kuti muuye kuka—katabhenakeri kaduku?" Saka, zvino, mirai zvishoma. Tiri kushumira Mwari. Maona?

5 Firipi akasiya rumutsiriro rukuru, paaiva neSamaria yese iri pakufamba, ndokuenda kurenje, Gaza. Uye akamira ipapo kuti awane munhu 1, uye haana kuzombodzokera kurumutsiriro. Ndizvo here? Kukwidza kugwenga, Gaza, akawana murume 1, weku Ethiopia, akatendeuka. Uye ndokubva abva ipapo, haana kuzombodzokera kuSamaria zvakare kwaaiva neru—rumutsiriro rukuru.

6 Zvino, tinotenda zvirokwazvo nekutungamira kweMweya Mutsvene. Tinofanira kuenda sekutungamiririrwa kwatinoitwa kuti tiende. Uye ndinonzwa kunyatsotungamiririrwa chaizvo ku—kuuya pano mumusangano uno kuzoita izvi. Asi ndingori zvishoma . . .

7 Oo, ndiregerereiwo, hama. Heanoi mamwezve mashoma, zvakare, Hama Fleeman, kana mungadaro. Pamwe atorei, mumwe munhu asina Bhaibheri. Testamende Yekare, tiri kunzvera muTestamende Yekare, kunyanyisisa, manheru ano, nekuti tiri kutora patani yacho. Simudzai maoko enyu, imi vangada rimwe, kuti vakuunzirei. Hunzai maBhaibheri enyu, mapenzura enyu nemapepa, nezvose, uye kuitira kuti mugone kunyora pasi rugwaro.

8 Manheru apfuura takati nonokei zvishoma, manheru apfuura. Ndichaedza nepandinogona napo kuzvigadzirisa manheru ano, kana zvichibvira. Ndinongoda Shoko zvikuru kusvika, pandinopinda maRiri, ndinongobva ndarasika. Ndinofunga kuti takabva kuna Genesi ndokupinda muna Zvakazarurwa husiku hwapfuura, nzira yose kunobuda. Ndinongokanganwa nezvenguva nezvimwe zvese.

9 Ino ndiyo nguva yekutanga yandava nemumwe wemisangano iyi, kwemakore 7, vhiki rino rinouya, ndakavhara rumutsiriro patabhenakeri. Vangani vanorangarira kuti mharidzo yangu yekuonekedzana yaivei? *Ndianiko Mufiristia Uyu Asina Kudzingiswa Ari Kuedza Kuzvidza Mauto AMwari Mupenyu?* Ndiyo yaive mharidzo yangu yekuonekedzana patabhenakeri, makore 7 apfuura, yekupedzisira, vhiki rino riri kuuya. Zvakanaka, mwanasikana wangu mudiki uyo aiva nemavhiki 2 ekuberekwa. Ndakavimbisa Mwari kana Vaizo "ndirega ndichigara kusvikira aberekwa, zvino ndaizoenda." Uye zvadaro ndaingofamba kubva ipapo, husiku humwe kana huviri, pano neapo. Saka, Ishe vakatiropafadza nenzira huru. Kune imwe nzvimbo mweya ingasvika hafu yemiriyoni yakatendeuka mumusangano wedu—wedu chaimo. Chingozvifungai izvozvo, mumakore 7! Zvinoratidza. 30,000, muzuva rimwe chete. Munoziva, zvinoshamisa. Nguva dzose pandinofunga nezvazvo, zvinotenderedza musoro wangu. Nhasi, ndichiwana tsamba dzinobva zasi kuAfrica, dzikati, "Africa yekuChamhembe yose yakamutsiridzwa zvakare, yakagadzirira," vachingoda kuziva zuva ratichadzoka. Oo, ini zvangu!

10 Uye zvakare Ishe vakapa chiratidzo, ndokuti, "MuIndia, kuti vanhu 300,000 vanouya kumusangano mumwe chete." Nyorai izvozvo pasi, moona kuti ndizvo here kana kuti kwete.

11 Zvino, zvakawanda pane izvozvo, zvine chekuita nekupodzwa, pamusoro pekupodzwa. Ndiri kuedza kudzikamisa pfungwa dzangu kubva pane izvozvo zvino, kuti ndingodzidzisa

Shoko. Zvino, ndiri munhu asinganyatsogona ipapo, asi ndi—ndinoda kutaura zvandinoziva nezvaRo.

12 Uye zvino Svondo tiri kuzova, Svondo mangwanani, nemibvunzo, chero mubvunzo zvawo pamusoro peMagwaro wamunoda kundinzwa pauri. Uye saka tichaedza kuzviunza nemuBhaibheri nepatinogonesesa napo, Svondo mangwanani. Huyai nayo Svondo mangwanani asati asvika, kusvika Mugovera manheru, chero mubvunzo zvawo paMagwaro, chero chinhu chinovhiringidza pfungwa dzako. Zvino ichange iri mibvunzo, Svondo mangwanani. Munozvifarira here? Zvino, kana uine chimwe chinhu, unongoti, "Handikwanise kunzwisisa kuti zvinhu izvi zvingadaro chirudzii." Zvinoka, huyai nayo tione kana tichigona kufamba pamwe chete, zvichida tese pamwe chete tinogona kuiwana. Ndichaita nepandinogonesesa napo kuti ndiienzanise neMagwaro, nekuti ndinotenda kuti inofanira kuva muMagwaro kana kuti haisi pamutemo.

13 Zvino, manheru apfuura takatora mavambo ekutanga e "chechi." Mwari vachivimbisa ani? Abrahama, anova baba vedu tose. Nokuti aiva Abrahama, kwakaitwa vimbiso; uye kuna Abrahama woga ndiko kwakaitwa vimbiso, kwaari neMbeu yake. Ndizvo here? "Abrahama, nekuMbeu yake." Uye Mbeu yake yakanga isiri vana vake vose, asi, "Muna Isaka ndimo makadanwa Mbeu yake." Ndizvo here? Zvino hezvi zvibereko zveMbeu yaAbrahama: Jesu Kristu ndiye Mbeu yaAbrahama, uye isu, zvatakafa muna Kristu, tinotora Mbeu yaAbrahama uye tiri vadyi venhaka maringe nevimbiso. Ameni. Mwari ngavarumbidzwe!

14 Isu pano tiri kupfuura, murume, mudzimai paanopfuura makore 25 ekuberekwa, ungatosva hako watarisana nazvo, munoona, mazuva ako ehudiki anenge atopera. Uye kufunga, iyo vimbiso inobwinya, apo takatarisana nekudoka kwezuva. Chii ichocho? Hupenyu hwapera here? Oo, kwete. Hupenyu hausati hwatombotanga nazvino. Oo, tiri kutongoenda! Ndinongoshuva kuti dai panga paine imwe nzira yataigona kunyatsogara hedu, kusvika nguva isisareve chinhu, uye tongogara saizvozvo uye ndobuditsa zvinhu izvozvo kubva muMagwaro, pamberi pevanhu. Zviripo, shamwari. Ndinogona kuzviratidza neBhaibheri raMwari, nebetsero yeMweya Mutsvene, kuti mumwe nemumwe wenyu ari muna Kristu, akazvarwa patsva, kuti rimwe remazuva ano bvudzi jena iroro richashanduka, uye mafinya achabva pachiso chako. Uchadzokera pakuva murume kana mudzimai wechidiki zvakare, uye worarama nekusingaperi naKristu Jesu. Ndinogona kukuratidzai Mwari pavakazviratidza muBhaibheri, vakaratidza mimvuri nemicherechedzo yazvo, ndokuzvivimbisa nokupika nazvo, kuti Vaizozviita. Zvinoshamisa zvikuru! Ndichada mudzimai wangu here panguva iyoyo? Hongu, kupfuura zvandinoita iye zvino, kunyangwe. Handizive kuti zvingava sei, asi ndichazviita.

Achava wangu here? Hongu, achava wangu ini. Achava . . . hakuzova nevana kana chimwe chinhu, asi vana vatinavo pano panyika vachange variko pamwe nesu kana vakaberekwa patsva. Ndizvozvo. Hazvizova zvinoshamisa here?

15 Ndaisimbofunga, Amai vaiwanzondiudza (ruregerero, Amai, paive apo musati maziva zviri naniwo, zvakare) kuti tichazova nemapapiro tobhururuka kumusoro ikoko, munoziva. Zvinoka, handiti, ndinofarira kudya, kunwa, kukwazisana maoko nevanhu, kuyanana. Ndakafunga, "Oo, ini zvangu, saka zvinenge zvisisikoka ipapo." Oo, kwete. Ndakaona kuti Mwari havana kumbobvira vakandiita Ngirozi, Vakandiita munhu, uye ndichagara ndiri munhu uye handimbofa ndakava Ngirozi. Kukanganisa ikoko. Mwari vane Ngirozi, chokwadi, Vakagadzira Ngirozi. Uye Vakagadzira maKerubhi ane mapapiro, uye Vakagadzira Ngirozi dzisina mapapiro.

16 Pandaimbonzwa nziyo idzi dzekare, pandaiva mutadzi uye ndichienda munzvimbo idzodzo, pamusoro pe "Ngirozi ine maziso ebhurauni yakandimirira;" ndakafunga, "Oo, ini zvangu, Ngirozi!" Zvino ndakazoona kuti kunyepa kwadhiyabhore. Hakuna kumbobvira kwava nechinhu chakadaro. Maona?

17 Zvirokwazvo tiri varume nemadzimai. Uye tichadzoka panyika pano, tiri varume nemadzimai. Ndizvozvo. Ndiyo dzidziso yaMwari. Paunoona zvinhu izvozvo, zvinokuita kuti uyemure Jesu Kristu.

18 Zvino zvatiri kuedza kuita manheru ano kuisa mumvuri, wezvaiva Testamende Yekare, kuTestamende Itsva. "Uye zvinhu zvose zvekare," Gwaro rinoti, "zvaiva mufananidzo kana mumvuri wezvinhu zvichazouya." Zvino, chidzidzo chakanaka manheru ano, Eksodho. Takasiya vana veIsraeri manheru apfuura . . .

19 Israeri ainzi ani asati ava nezita rake rekuti Israeri? Ndiani mukirasi angapindura kuti, Israeri aiva ani asati apa, apihwa zita iro remweya? Zvino, mumwe munhu asiri muparidzi, ndaona muparidzi achisimudza ruoko rwake. Zvakanaka, mumwe munhu asiri mumwe wenyu imi vaparidzi. [Mumwe munhu anoti, "Jakobho"—Mupepeti] Jakobho, ndizvozvo. Uye chii—chii chakamuita kuti agamuchire zita remweya iri? Mumwe munhu ataura chimwe chinhu. [Imwe hama inoti, "Akakunda Ngirozi."] Akakunda Ngirozi, ndokuita mutsimba nayo, zvino akati, "Handisi kuzokuregai muchienda kusvikira mandiropafadza."

20 Nhai, unoda zita remweya manheru ano here? Ingobata Mweya Mutsvene, woti, "Ishe, handisi kuzobva patabhenakeri ino kusvika Mandiropafadza," zvinhu zvichashanduka paunobva pano. Iwe ingotsunga mumoyo sezvakaitwa naJakobho, uchawana ropafadzo.

21 Uye, tarisai, akabata chidya chake, zvino Jakobho ndokufamba zvakasiyana. Ameni. Ndinovimba kuti

zvinonyatsonzwisiswa chaizvo. Paunoita mutsimba naMwari, unofamba zvakasiyana mushure maizvozvo. Tarisai! Akasimba . . . Kune rimwe divi rerukova, rwizi rwudiki, aiva murume akasimba, mukuru kwazvo; akadzokera shure, kunyangwe hazvo, ari kure naMwari, achitiza mukoma wake, achitiza Mwari; asi akanga akasimba uye akadzikama. Uye kune rimwe divi rerukova, muchinda anokamhina. "Uri muchinda pamberi paMwari, nekuti une simba naMwari, semuchinda." Muchinda anokamhina, zvino akakamhina hupenyu hwake hwese. Maitiro anoita Mwari zvinhu! HaVashamisi here?

22 Zvino, madzitateguru, takasiya manheru apfuura, muna Genesi, apo wekupedzisira pane 4 avo Mwari vakapa vimbiso yaVo, vaive Abrahama, Isaka, Jakobho, Josefa. VaMwari . . . Chaiva chii? Muna Abrahama takaona, manheru apfuura, kuchechi yeChikristu nhasi, kusanangura, kusanangura. Uye muna Isaka, kururamisa. Zvino muna Jakobho, nyasha.

23 Unotofanirwa kutenda munyasha kana ukaverenga hupenyu hwaJakobho. Unotofanirwa kutoona kuti kwaive kusanangura nekudana, nekuti, oo, zvinhu zvakaitwa nemuchinda iyeye! Asi, zvakadaro, Mwari vakanga vamuropafadza. Mwari vakanga vamuudza zvaizoitika, saka Vakamudana. Asi munocherechedza mushure mekunge aita mutsimba neNgirozi iyi, zvinhu zvakatanga kutaridzika zvakasiyana. Zvino paakasvika pamberi paFarao, akati, "Rwendo rwangu rwehupenyu rwava rwemakore akawanda *kudai*." Mwari vakanga vamuzivisa kuti aingova mufambi hake.

Zvino, uye muna Josefa, kukwaniswa.

24 Cherechedzai, matanho 3. Kururamiswa nokutenda, kucheneswa kubudikidza neRopa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Kwozouya kukwaniswa, kubwinyiswa. Bhaibheri rakati, "Avo vaAkaruramisa," izvi ndezvepfungwa yemweya, "Akavabwinyisawo zvakare." Ndizvo here? "Uyo waAkaruramisa." Zvino kana Akatiruramisa zvino, takatobwinyiswa kare muchinhano chaKe. Kwete kuti Iye—Iye "*achadaro*." Iye "akato" bwinyisa! Nhai, zvakadzika, handizvo here? Asi ndizvo zvinotaurwa neGwaro.

25 Mwari vakaudza Abrahama, "Ndakakuropafadza, uye Ndakakuita baba." Kwete "Ndicha." "Ndakato! Ndakatokuita kare. Uye uchauya kwaNdiri muzera rekukwegura. Uri kuzoponeswa. Uye Ndakatozviita kare, Ndakatotaura kare kudaro. Haunei nechekuita nazvo, hapana zviga." Mwari vakatsunga mumoyo kuva nechechi yaVo. Saka pese paVaiita sungano nemunhu, munhu anotyora sungano yake, uye achiri kungozviita nanhasi. Munhu anogara achityora sungano yake naMwari, asi Mwari havakwanisi kutyora sungano yaVo nemunhu. Saka, "Ndichadaro!"

26 Munocherechedza kumashure uko paVakaudza Adhamu pakutanga, Vakati, "Zvino, usaite *izvi*, uye unogona kuita *izvi*, uye usaite *izvo*," Adhamu akangonyatsotendeuka ndokuityora. Asi zvino Mwari vakaona kuti akanga arasika, Vakati, "Ndichaisa ruvengo, Ndichaisa ruvengo pakati peMbeu yako nembeu yenyoka. Uye Achakuvadza musoro, uye, kana kuti Achakuvadza, musoro wake—wake uchakuvadza Chitsitsinho chako."

27 Zvino, "Ndichadaro," kana Mwari vakati Vachaita chimwe chinhu, unogona kutochitarisira hako kuti chigoitwa. Kana munhu akati achaita chimwe chinhu, handizivi nezvazvo. Asi Mwari vakaudza Abrahama, "Ndichakuponesa iwe, neMbeu yako ichauya shure kwako." Kwete Abrahama ega, asi Mbeu yose yaAbrahama. Pasina zviga zvakatemerwa! Nhai, kana mukandiregererawo, ndinotenda kuti ndinogona kudanidzira zvishoma. Honai! Oo, hamungocherechedza, imi vanhu, zvazvinoreva. Zvichida vamwe venyu hamusati mambofunga zvakadzama zvakakwana kuti mupinde mazviri.

28 Mwari vakatobwinyisa kare Chechi yaVo. Avo vaVakaruramisa, Vakavabwinyisawo zvakare muChechi, muna Kristu. Kana wakaruramiswa muna Kristu, wakabwinyiswa muna Kristu, kare, pakuziva kwaMwari.

29 Jesu akati, "Ivai naizvozvo makakwana, kunyangwe saBaba venyu vari Kudenga vakakwana." Ungazova wakakwana chirudzii? Asi pamberi paKristu, manheru ano, Mukristu wese akazvarwa patsva akakwana. Ndakanyatsokwana muna Mwari sezvaiva Kristu, ndizvo zvauriwo, zvakare, mutendi wese zvake. Nekuti, hausi hutsvene hwangu, hutsvene hwaKe. Mwari havagone kugamuchira hwangu, handitorina. Asi ndinouya muna Kristu, nokutenda. Uye, naKristu, ndiri maAri, uye ndakakwana pameso aMwari.

30 Tarisai! "NeMweya mumwe chete tose tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete, uye tova nhengo dzeMutumbi uyu." Muna VaRoma 8:1, "Naizvozvo iko zvino hakuchina kupihwa mhosva kune avo vari muna Kristu Jesu, vasingafambi vari munyama, asi Mweya." Uye munhu ari muna Kristu Jesu, anofamba achitevera zvinhu zvemweya. Kunyika, ipfungwa yenyama, hupenzi. Asi kune avo vanotenda, Hupenyu husingaperi. Ameni. Hezvoka izvo. Oo, zvinoshamisa zvikuru! Zvino chii chinogona kukukuvadza? Uri muna Kristu! Uye sekungova chokwadi chekuti Mwari vakamutsa Jesu kubva kuvakafa, tichauya muna Kristu. Ameni. Hongu, tinofanira kudaro, Mwari vakatozvivimbisa kare. Nekuti, sechokwadi chekungoti Mutumbi iwoyo unokwira kumusoro wandiri mauri, Mutumbi iwoyo, ndinofanira kuenda naWo.

31 Zvino woti, "Munotenda muchengetedzo yeKusingaperi here, zvino, Hama Branham?" Neimwe nzira, ndinotenda.

Ndinotenda kuti Chechi yakachengeteka Nokusingaperi, Chechi yakadaro. Mwari vakatotaura kare kuti yaizoonekwa pamberi paVo, isina gwapa kana kuunyana, Chechi ichadaro. Zvino, chinhu chinotevera, kana uri muChechi, zvino wakachengeteka kana uri muChechi.

32 "Uyo anouya kwaNdiri, haNdingatongomurasiri kunze." Ndizvo here? Zvino teererai, herinoi Shoko reMurume uyu pamusoro pazvo, Jesu Kristu, Mutsvene Johane 5:24, "Iye," ani naani, "Uyo anonzwa Mashoko aNgu, nekutenda kuna Iye akaNdituma, ane (nguva yazvino) Hupenyu husingaperi." Hakusi kungobva pane mumwe musangano kuenda kune mumwe. Hupenyu Husingaperi! "Uye haangauyi mukutongwa" kana kupomerwa mhosva, haangatongoraswi, "asi akato (nguva yakapfuura) darika achibva murufu achipinda muHupenyu." Mutsvene Johane 5:24, Jesu akataura kudaro. "Ndini Chingwa cheHupenyu chakabva kuna Mwari kubva Kudenga. Madzibaba enyu akadya mana murenje, uye akafa, asi uyo anodya nyama yaNgu nekunwa Ropa raNgu ane Hupenyu husingaperi, uye Ndichamumutsa pamazuva ekupedzisira." Ndizvo zvaAkataura.

33 Zvino, kune vazhinji vanonyepedzera kunge varimo imomo. Kune vazhinji vari kuita zvekurwa pachezvavo, uye vachiedza kurarama zvakanaka uye vachiedza kumanikidzira kupinda. Handizive nezvazvo. Asi kana varimo imomo, zviri nyore kurarama hupenyu hweChikristu sezvazvingori kurarama chero hupenyu zvahwo, nokuti uri muna Kristu, uye hapana chimwe kunze kwekuzara neMweya Mutsvene unokutungamirira, nekukuratidza gwara nekukuratidza nzira. Uye, handiti, chokwadi uchakanganisa uye ugowa, asi haugone kuramba uri pasi, nekuti, sekukwanisa kwaungaite kuti dzi—dzinde rechibage rive muti we—wemuonde. Haugone kuzviita. Jesu akati, "Nezvibereko zvavo muchavaziva." Une Hupenyu husingaperi.

34 Chimwe chezvituko zvikurusa muchechi nhasi kutya. Munhu wese ari kutya kunge achafa, kuti "Chii chichaitika, ndiani, chii?"

35 Handiti, Jesu akati, "Kunyange kana zvionwa zvinotyisa zvauya, simudza musoro wako ugofara, nokuti, rwukuru, rudzikinuro rwenyu rwave kuswedera kana zvinhu izvi zvoitika."

36 Zvino, kuti Akatora sei Chechi nemurwendo irworwo! Kuti kareko, kunyangwe muna Abrahama naIsaka naJakobho, nevamwe vose, tarisai kukanganisa kwavaiva nako, asi Mwari vakanga vainavo. Mumvuri. Tarisai kuna Abrahama kwechinguvana.

37 Ndi—ndi—ndinoziva kuti ndine vateereri vakawanda vechiArminian manheru ano, asi ndi—ndinoda—ndinoda kuzvijekesa izvi, kwamuri.

38 Mwari vakaudza Abrahama, nekusanangura uye nenyasha, kuti, “Ndichakuunza kwaNdiri, wakwegura.” Nemamwe mashoko, “Ndiri kuzokuponesa. Ndichakupfuudza nemo. Uchararama hupenyu hwakareba. Uri kuzova nemwana. Kwete. . . Asina mwana, Sara; iwe enda, uye uchava nemwana. Uye, mumwana iyeye, Ndiri kuzoponesa pasi rose.” Zvino, Abrahama asati aita chinhu chimwe chete chekuzvikodzera, asi Vakango. . . Mwari vakamudana. Ndizvo zvoga.

39 Aingova muKaradhea zasi uko muguta reUri, akauya zasi mumipata yeShinari, kubva pashongwe yeBhabheri, achibva pakunamata zvimupunzo. Ndinofunga kuti baba vake vaiva munamati wezvimupunzo. Uye ndinofunga Rabhani, mushure mekunge asvika ikoko, akazvibuditsa pachena, aiva nezvimupunzo izvozvo. Aigozviwana kupi, kana asina kubuda achibva mushongwe yeBhabheri? Uye kubva muvanhu vaHamu kwakauya Nimirodhi. Nimirodhi akavaka shongwe yeBhabheri, kwaive nekunamata zvimupunzo, kunamata zvimupunzo kwekutanga panyika.

40 Zvino, uye tarisai shongwe yeBhabheri iyoyo ichidzika zasi chaiko, Bhabheri, uye ichidzika chaizvo neimomo uye yonoperera neche pano muna Zvakazarurwa; chitendero cheChikristu, chekunamata zvimupunzo, kunyepedzera kuva Chikristu. Oo! Johane akamuona muna Zvakazarurwa 17, akamuyemura, magariro ake, mataridzikiro ake, uye akapfeka Zita raJesu nezvimwe zvose, asi zvakadaro akatambudza nokuuraya vatsvene vaMwari mupenyu. Mutumwa akati, “Huya pano, uye ndichakuratidza kuti ndiani.” Akati, “Iye ichechi huru igere pamusoro pevazhinji, pazvikomo 7, uye ichitonga pamusoro penyika, nezvimwe zvakadaro. Akanwa ropa revakafira chitendero vaKristu chaizvo!” Oo, nhai vedu!

41 Vanhuwee, tiri kurarama munguva yekupedzisira. Vangani venyu imi vanhu makanzwa makore apfuura zasi kuno pavaida kundisunga pano nekuda kwekuparidza pamusoro peuya “munembo wechikara”? Pandakataura kuti Mussolini, paakatanga kuva nesimba makore 20 neanoraudzira akapfuura, Ndakati, “Kana Mussolini akangoenda akananga kuEthiopia, nyorai izvi pasi, hapasi kuzombova nerugare kusvikira Jesu Kristu achiuya.” Zvino ndakati, “Pachava nezvitevedzwa 3 zvikuru, Communism, Fascism, neNazism.” Zvino ndakati, “Vachapedzisira vava muchitevedzwa chimwe chete, uye chitevedzwa chimwe chete ichocho chichatonga nyika uye chichapisa Guta reVatican.” Munondirangarira ndichizvitaura izvozvo makore nemakore akapfuura. Uye chaizvoizvo nenzira iyoyo!

42 Ndakati, “Nguva iyoyo isati yasvika, kuti motokari. . .” Dzaive dzakagadzirwa dziine kumashure kuya kwekare kwakati twasu, makore 20 akapfuura kana makore 25 akapfuura. Munogona kurangarira makore 20 zvisinei. Zvino ndakati,

"Dzichataridzika sezai. Dzichange dzakaumbwa. Chiratidzo ichocho. Dzichiva chimwe chinhu chine maumbirwo echimwe chinhu *chakadaro*." Uye ndizvo zvadzichava Kubvutwa kwatongova pedyo nekuitika.

43 Asi Mwari zvino vari kungosunungura chechi kwesekwese, vachiisa muhurongwa zvino kuti Vapinde muKubvutwa, vanofanira kuipa kutenda kwekubvutwa isati yakwanisa pinda muKubvutwa kwacho.

44 Vanhu vari mumweya wezuva rokupedzisira, sezvavaiva mumazuva aNoa, vachidya, vachinwa, vachiroora, vachiroodzwa, vasina hanya, vasingakendengi, vachingofambafamba, nezvimwewo. Zvino vanhu vemuAmerica ava ndivo vakaipisisa pachiso chenyika! Vane misoro mikukutu, vanokarira zvepamusoro, vasingazvidzori, vanotyisa, uye vazvidzi, muziva-zvose. Kana paine imwe nzvimbo pasi rose . . . NeBhaibheri rangu riri pamoyo wangu, uye Mwari vachiziva kuti ini . . . vakatarisa pasi pandiri uye ndichiziva kuti ndinogona kutomira pamberi paVo mangwanani asati asvika. Kana ndainzi nditaure kudaro, nzvimbo iyi inotoda mamishinari kupfuura chero nzvimbo ipi zvayo pasi rose, ndiyo U.S.A., United States of America. Boka gurusa revahedheni randinoziva chero kupi zvako, riri muAmerica. *Muhedheni* zvinoreva "uyo asingatendi."

45 Oo, vanotenda dzidziso dzezvitendero. Vakaomarara moyo kwazvo uye vane chiveve zvekuti haugone kutaura navo chero nenzira ipi zvayo. Ndinogona kutora munhu kunze uko, asati ambonzwa nezvaMwari, achinamata chimupunzo, uye ndotoita zvakawanda naye mumaminitsi 5 kupfuura zvaungaita nemunhu anozviti Mukristu, chinhu chizere nechinyakare chakavepo kwenguva refu chikava nemvura yakawanda yekuomesa zvitunha, zvino ndokuiswa mutsinga dzacho. Zvinounza mupfungwa dzangu imwe yemamochari ekare anotonhora iri zasi pano pane imwe nzvimbo, senzvimbo yevanoviga vafi. Ndizvozvo. Iriko zasi uko, ukapinda, woisa . . . Ndinopinda mumachechi makuru, ekare iwayo, uye zvinounza mandiri pfungwa dzemo—mochari. Thermometer yepamweya inosvika -100. Unotopinda uchiita kakusenerera, potse. Handisi kuzvitaura senyambo, asi ichokwadi. Vamwe vavo havachazivi nezvaMwari, vanomira ipapo uye voti, "Saka, zvino, ndinokutaurira, ndinotenda kuti zvese . . ." Maiwee, zvangu! Nhai, iwe munyengeri wevanhu, unogara kunze kweHumambo hwaMwari uye wodzidzisa vamwe kuti vagarire kunze. Vakaisa dzimwe mvura mukati, sekuendesa munhu akafa kumochari. Va—vanobvisa ropa rake rose, uye voisa chimwe chinhu imomo kuti vave nechokwadi chekuti afa. Zvino, zvakada kufanana nezvavanoita. Vanobvisa chinamato chidiki icho chine vanhu, kana kutenda kudiki kwavainako, uye vopfekedzera imwewo yekare, ne—nedzidziso yebhaibheri mavari, uye zvotowedzera kuvauraya, uye zvovachengeta vakafa. Ndizvo zvoga. Ndizvozvo.

Zvinotyisa! Ini zvangu! Uye vanobva vati, “Oo!”

Ndakati kune mumwe mudzimai, “Muri Mukristu here?”

Akati, “Regai ndikupei kunzwisisa, ndiri munhu wemuAmerica.”

Ndakati, “Handizvo zvandakubvunzai.”

Mumwezve akauya papuratifomu, akati, Hama Bosworth vakati, “Muri Mukristu here, amai?”

46 Akati, “Handiti, chaizvo . . . Saka,” akati, “regai ndikupei kunzwisisa, ndinotungidza kenduru manheru ega-ega.” Oo, ini zvangu! Kutungidza kenduru husiku hwega-hwega, kunokuita Mukristu? Unogona kupisa nyika yese yakazara, hazvitombokubatsiri. Kusvikira Moto unopisa weMweya Mutsvene wachenesa mweya wako kubva kuchivi, uchiri mutadzi! Zviri mumoyo.

47 “Zvino, ndinogara muAmerica.” Zvinoka, izvozvo hazvina mutsauko wazvinoita. Izvozvo hazvina chazvinokuita. Mwari havandiremekedzi nokuti ndiri wemuAmerica. Havaremekedze muJerimani nekuti muJerimani, kana kuti—kana kuti wekuPoland nekuti anobva kuPoland. Havaremekedze munhu wekuAfrica nekuti anobva kuAfrica. Mwari havana hanya neAfrica, kanawo kuva nehanya neGermany, kana kumbovawo nehanya neUnited States. Mwari vane hanya neHumambo humwe chete, uye ndihwo Humambo hwaMwari, uye vanhu kubva kumarudzi ose vanopinda maHuri. Uye vanoberekwa maHuri kubudikidza neMbeu yaAbrahama, yaiva Jesu Kristu, uye vari vadyi venhaka maringe nevimbiso.

48 Nyika yose iri pasi peDenga inotongwa naSatani. Bhaibheri rakataura kudaro. Vakomana, zvaisa chinhu chinodzipa, handizvo here? Satani akakwidza Jesu Kristu kumusoro ndokuMuratidza humambo hwese hwenyika. Ndizvo here? Zvino akati, “Ndehwangu uye ndichaita nahwo zvandinoda. Uye ndichahupa kwauri kana ukawira pasi wondinamata.”

49 Jesu akati, “Ibva pano, Satani!” Maona? Jesu aiziva kuti Aizova Mugari wenhaka yohumambo ihwohwo.

50 Zvino umo muna Zvakazarurwa, apo pakuguma kwenyika, Bhaibheri rakati, “Farai, imi matenga, nemi mose vaporofita vatsvene, nokuti humambo hwenyika ino hwava humambo hwaIshe wedu naKristu waKe, uye Achatonga nokubata hushe nokusingaperi.”

51 Dhanieri akaMuona seDombo rakavezwa kubva mugomo, rikakunguruka ndokurova chifananidzo mutsoka, ndokuchiputsanya, zvino Humambo hwaMwari ndokukura. Kristu paanotora hutongi, muMireniyamu, hakuzova nehurwere, hakuna kusuwa. Zvese, zvombo zvese zvicha—zvichapfurwa kuita miromo yemagejo, uye hatizodzidzi zvehondo zvachose. Ndizvo zvoga. Zvose zvichange zvapera

kana Jesu auya. Kusvikira panguva iyoyo, chero bedzi Satani ari kutonga marudzi, zvino kuchava nehondo neguhu rehondo, kusvikira Jesu achiuya. Ameni.

52 Mwari, tibatsireiwo! Pandakakutarisai uye ndichicherechedza manheru ano, ndakamira pano ndichidzidzisa kubva muShoko raMwari, kuti muri vanhu vakananga muna Ziyendanakuenda. Murume wese nemudzimai, mukomana nemusikana, ari muno, achatomira muHupo hwaKristu rimwe zuva. Ndichatopindurira pane zvandakataura pamberi penyu, semuranda waKe. Zvino ndingagorega chirudzii kukuudzai Chokwadi chaMwari? Kana Mwari vakaremekedza kwazvo Shoko randakaparidza, kusvikira VakaRiparadzira pasi rose, uye vakaRiremekedza mumizinda yemadzimambo nekwese-kwese, uye pasina kana nguva imwe chete yaVakataura chero chinhu kunze kwezvazvaiva chaizvo nenzira yaVakazvitaura nayo, saka zvechokwadi haVangandirege ndichitaura chimwe chinhu chisiri icho. Zvino ndiri kuti manheru ano, shamwari yangu Mukristu, zvisinei kuti uri wechechi ipi, chero kupi kwauri, kana usiri muHumambo hwaMwari, kubudikidza nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene rwuchikuunza muMutumbi waKristu, iwe itomanikidzira izvozvi, nekuti hauzive nguva yaAchauya.

53 Israeri zasi uko zvino muEgipita, mufananidzo weChechi ichidanirwa kunze, Eksodho, chitsauko 1. Israeri yaiva muEgipita, mushure maJosefa. Zvino zvinondipa maminitsi, angangoita 30 chaiwo. Ndichaedza kuunganidza zvakawanda zvazvo nepandinogona napo. Zvino, vakanga vari muEgipita nokuda kwekushaikwa kwemvura, Isaka achidzika zasi, uye achitora madzitateguru. Zvino ikoko vakagara muGosheni. Asi Josefa, paakafa, (mufananidzo wakanaka) akataura nezvekubuda kwevana veIsraeri, uye akataura pamusoro pemapfupa ake. Teererai. Kana mukandiregererawo, ndinoda kudonhedzera . . .

54 Munoziva, kana ukaverenga Shoko chaizvo se*zvizvi* pano, zviri raiti, asi chokwadi unopotsa zvaRinoreva. Shoko rakanyorwa pakati pemitsara. Jesu akati, "NdakaRivanza kubva kumeso evakachenjera nevakangwara, uye ndikaRizarura kuvacheche avo vachadzidza." Maseminari aya edzidziso yebhaibheri akangofanana nevaprisita vaya kumashure uko, nemuprisita mukuru nevamwe vese, vakaverenga Shoko asi vakatadza kuona Jesu ari iye Kristu wacho. Munoona zvandiri kureva?

55 Zvino tarisai madzitateguru iwayo. Sei Jakobho mutana, paakafa zasi uko mu—muEgipita, akati, "Musandiviga kuno"? Uye akaita kuti Josefa aise ruoko rwake pachidya chiya chakaremara, uye agopika naMwari kuti aisazoviga mapfupa ake imomo. Manga muchizvviziva here? Akati, "Nditorei mundidzose kumusha kwangu mugondiviga."

56 Tarisai Jobho kumashure uko agere, akazvimba, akazara nemamota, uye akatuka zuva raakaberekwa. Bhuku rekutangisisa muBhaibheri ndiJobho, rakanyorwa Genesi risati. Mutarisei akamirapo, achikama rake. . . nechimedu chehari yevhu, akagara kunze kuseri, padutu remadota. Ndakaparidza pamusoro pazvo pano imwe nguva kweinenge mwedzi 3 yakatevedzana. Vamwe vanhu vakandipa, vakandinyorera, vakandiudza, vakati, "Hama Bill, muri kuzobvisawo Jobho rinhi kubva pamurwi wemadota?" Uye ini—ini. . . pamusoro pake agerepo. Nguva huru iyoyo yesarudzo, chimwe chinhu chaitofanira kuitwa. Nguva yacho yachinoitika. Asi munoziva zvakaitika patakamubvisa pamurwi wemadota, chimwe chinhu chakaitika.

57 Ndiyo nzira yatinoedza kuita nayo rumutsiriro urwu. Tinoita kuti vanhu vatarise vakananga kuna Kristu, tobva tabata nzvimbo idzodzi kusvika wakwanisa kuwana nzvimbo yaunorovedzera zvinhu izvi. Ndiyo nyaya yacho. Ndiwo Mweya Mutsvene uchigadzirira. Wonzwa Mweya uchifamba pakati pevanhu, uye unotoziva paunozofanira kuchitaura.

58 Cherechedzai, hoyoka Jobho agerepo, achishushikana. Mudzimai wake akatomupandukira, akafambako ndokuti, "Jobho, wadii watuka Mwari, wofa hako?"

59 Akati, "Unotaura semukadzi benzi." Akati, "Ishe vakapa, Ishe vakatora, Zita raShe ngarirumbidzwe."

60 Hedzo nhengo dzekuchechi ndokuuya zasi ikoko dzikagara dzakamufuratira kwemazuva 7, kunyaradza munhu kwakadii! Vakati, "Jobho, uri mutadzi wepachivande iwe. Wanga uchitadza." Jobho aiziva kuti akanga asina kutadza. Ndokuratidza zvavaiziva nezvazvo.

61 Saka, mukushushikana, murume akarurama, Mwari vachishanda nemutsvene, Vakatumira murume ainzi Erihu. Zvino Erihu haana kumupomera; kusara kwekupomera Mwari. Asi Erihu akamuudza, akati, "Zvino, Jobho, wakatarisa zvinhu zvose izvi." Akati, "Zvino, kuri kuuya Uyo Akarurama Achamira pamukaha pakati pemunhu mutadzi naMwari vatsvene. Zvino ipapo munhu iyeye wavachaenda kunochemera kuguva, uye usingazvioni, ipapo achamuka."

62 Zvino Jobho paakazvinzwa, akamira netsoka dzake. Ini zvangu! Mheni dzakapenya, mabhanan'ana ndokutinhira. Chaiva chii? Muporofita akadzokera mugwara raMwari zvakare. Ini zvangu! Maziso ake akavhurika. Akati, "Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama." Tarisai, makore 4,000 Asati auya panyika, "Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama!" Kuenderera mberi, "Anorarama!" "Uye pamazuva ekupedzisira," makore 2,000 ekupedzisira, "Achamira panyika. Kunyangwe honye dzemunyama dzikaparadza mutumbi uno, asi munyama yangu ndichaona Mwari; Wandichazvionera ini

pachangu, uye meso angu achaona, kwete mumwe." Hezvoka izvo. Paakange oda kufa, akati, "Ndivigei nechekuno chaiko muParastina."

63 Abrahama ndokuuyawo nevimbiso. Sara akafa, akamuviga pedyo chaipo naJobho, akatenga chikamu chemunda ndokumuviga. Abrahama paakafa, akarara pedyo naSara.

Abrahama akabereka Isaka. Isaka akafa, ndokurara naAbrahama.

64 Isaka akabereka Jakobho. Jakobho akafa, zasi-zasi uko muEgipita, akati, "Musandiviga zasi kuno. Pika kuti hausi kuzondiviga kuno! Tora mapfupa angu uavige kumusoro uko pamwe nababa vangu." Sei? Sei? Hazvina kunyorwa, hama, zviri pakati pemutsara.

65 Josefa, paakafa, akati, "Zvino, isai mapfupa angu pano mubhokisi, asi musandivige kuno. Musandiviga zasi kuno. Imi ndiendesi kumusoro ikoko monondiviga, kumusoro munyika yechipikirwa. Ndivigei kumusoro ikoko." Sei? Akati, "Mwari vari kuzokushanyirai rimwe zuva. Ndiri kusiya mapfupa angu pano kumiririra chimwe chinhu."

Sezvakangoita Josefa akasiya mapfupa ake, ndizvo zvakaitawo Jesu akasiya bwiro rakazaruka!

66 MuHebheru wakare wese, ainge arohwa kumusana, akaneta nekurukutika, odzedzereka achipfuura naipapo, uye vaEgipita vose ivavo votarira voona bhokisi diki rakare iroro. Ndaifanirwa kunge ndakaritarisa pano nguva pfupi yapfuura, bhokisi diki remutobvu rekare, chinhu chakarohwa-rohwa. Ndimo maifanirwa kunge muine mapfupa ake. Vanaro mumuseum ikoko, zvino ndakaritarisa, akati, "Ndimo makanga muine mapfupa aJosefa Mosesi paakaatakura ndokuenda nawo." Zvino muHebheru wose aitarisa imomo, aitoti, "Rimwe zuva zvichashandurwa zasi kuno. Tiri kuzobuda." Muporofita, vaive nejasi rakanaka, racho raimiririra Kristu mune zvese, sezvatakaona muchidzidzo chehusiku hwanezuro. "Akati!" Nekuti akavimba nezvakaudzwa Abrahama naMwari. Hezvoka izvo.

67 Ndichiri kuvimba nechinhu chimwe chetecho manheru ano, Mwari zvavakaudza Abrahama, "Ndichakuponesa pamwe neMbeu yako." Ndinozvitenda.

68 "Rimwe zuva muchabuda muno," uye vakazvitenda. Zvino rimwe zuva, mapfupa aJosefa wekare. . .

69 Mosesi akatanga kubuda, Mweya Mutsvene ndokutaura naye, ndokuti, "Uri kukanganwa chimwe chinhu, Mosesi. Dzika zasi uko unotora ma—mapfupa aJosefa." Mosesi akaaputira, zvino hoyo ndokuuya.

70 Shongwe yeMoto ichimutungamira kuenda kunyika yechipikirwa, ndokuaviga parutivi rwaIsaka naJakobho.

Sei? Vaiziva kuti paizouya zvibereko zvekutanga zveavo vavete. Vaiziva kuti paizouya rumuko, rimwe remazuva iwayo. Vaiziva kuti Iye Akarurama, uyo akanzi naJobho, "Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama, uye nezuva rekupedzisira Achamira panyika." Zvino vakaziva kuti Jobho aiva neruzivo rwekuti Achazomirepi, saka akati, "Ndivigei pano." Vaida kuva naJosefa, kana kuti naJobho, zvino vakavigwa neche ipapo muParastina nokuti ndiyo yaive nyika yechipikirwa. Uye vaiziva kuti rumuko rwakanga rwusiri kuzova muEgipita, rwakanga rwusiri kuzova muEurope, rwakanga rwusiri kuzova kune imwewo nzvimbo. Rwakanga rwuri kuzova muParastina, saka vakavaviga ikoko.

71 Jesu ndokusvikawo, ivo . . . Iye akavimbiswa. Vakaita kwaAri zvavakataura kuti vaizoita, uye, oo, vakaMuuraya, Akafa. Mweya waKe wakadzika mugehena. Akaparidzira kumweya iri mutirongo. Akatora makiyi erufu negehena kubva kuna dhiyabhore. Akadzoka mangwanani eEsta. Zvino paAkauya nemuParadhiso, Akagogodza pamusuwo, hareruya, ndinogona kuMunzwa achiti, "Vana!"

Abrahama anoti, "Ndiani Iyeye?"

"Ndini Mbeu yako, Mbeu yaAbrahama."

Dhanieri akati, "Ndiani Iyeye?"

"Ndini Dombo rakachekwa kubva mugomo."

72 Havoka avo, vatsvene veTestamende Yekare vakarara ipapo, vakamirira kuzopfekedzwa, vari muParadhiso. Akavhura musuwo. Abrahama akati, "Tiri kubuda here?"

"Kwava kuda kutoedza panyika. Ngatigadzirirei kuenda."

73 Abrahama akati, "Tingambomira zvishoma here? Ndingada kumbotarisa guta iri."

74 "Zvakanaka, hongu, Ndichamboshanyira vadzidzi vaNgu kwemazuva 40." Zvino pamangwanani eEsta Akamuka!

75 Uye Mateo 27 inoti, "Mitumbi mizhinji yevatsvene vakarara muguruva renyika, yakamuka, ndokubuda muguta, uye ikaonekwa nevazhinji vavo muguta."

76 Ndiri kuona Sara naAbrahama vachiuya vachidzika nemugwagwa, vobva vati, "Oo, mudiwa, tarisa apo! Vakashandura zvinhu izvi zvishoma. Tarisa pano kuti izvi zvinoratidzika sei."

77 Mumwe munhu akati, "Ndivanaani vaviri avo? Zvinoita sekuti vatorwa."

78 Vakabva vati, "Tazivikanwa." [Hama Branham vanoridza munwe wavo—Mupepeti] Ndokunyangarika kubva pamberi pavo, sekupinda kwaAkaita nepamadziro, munoziva, zvino havana kana kutomboziva kana kuMuona achipinda. Vakabuda! Vaive nemitumbi yakabwinyiswa, zvino vakaonekwa zvakare

panyika, hareruya, sezvibereko zvekutanga zvehumbowo hwesimba raMwari nerumuko. Havoka avo. Akabvuta ndokutapa masimba, akatora rufu negehena, ndokuzvivharira. Uye vakamuka mangwanani eEsta, ndokupinda muHumambo pamwe naYe.

79 Ndosaka vakati, "Ndivigei muParastina." Vakaziva kuti rumuko rwaizova muParastina.

80 Naizvozvo, nhasi, hama, unogona kuwana chero chaunoda, chinamato chose chekare chakatonhora chetsika chaunoda, asi, ndivigei muna Kristu, nekuti avo vari muna Kristu Mwari vachauya naVo murumuko. Taura chero zvaunoda, wozviti kupengereka uye chero chipi chaunoda kuita, asi ingondiregai ndigare maAri, nokuti avo vari maAri vachabuda kubva muguva parumuko, nokuti Mwari vachavamutsa. Vakavimbisa kuzviita. Ameni!

81 Zvinoita mutsauko wei kana uri kuchembera? Zvinoka, mbiri kuna Mwari! Ko izvozvo zvinei nechekuita nazvo? Pedyo nekumusha! Ameni. Oo, kubwinya! Uchanditi muumburuki mutsvene, zvisinei, ungasva wachitongotanga hako. Zvakanaka. Zvinoshamisa zvikuru! Izvozvo zvakakwana kuita muumburuki mutsvene kubva mauri. Nhai, ndingatadziswa nei kufara, ndichiziva kuti iChokwadi? Nhai, chokwadika, ndiri kufara. Uye munhu wese ane tariro iyoyo ari kutubwida.

82 Ndaiwanzoenda kuchitubu chekare kwandaisimbonwa. Junior, ndaiwanzoenda zasi ikoko. Zvino ndakafunga, pandaipatirora, ndaienda kuchitubu chekare ichi. Zvino ndakati ndicho chinhu chaifarisisa zasi ikoko, zasi kweMilltown. Ndaiwanzochitarisa, zvino ndakafunga, "Zvinoka, nhaiwe, chii chinokuita kuti ufare zvakadaro?" Chino—chinongotubwida, chichitubwida, chichitubwida, chichitubwida nguva dzose. Mvura yakanakisisa yandati ndambonwa. Zvino ndakafunga, "Saka, chii chinokuita kuti ufare zvikuru, nokuti zvipfuyo zvinonwa kubva pauri?"

"Kwete, Hama Bill, handizvo zvazviri."

"Saka, chii chinokuita kuti ugare uchitubwida nguva dzose? Nokuda kwekuti—kuti mumwe munhu anouya zasi kuno, kuzowana mvura?"

"Kwete, handizvo."

"Saka, pamwe unongotubwida hako nekuti ndinonwa pairi."

"Kwete."

Ndoti, "Saka, uri kutubwida nekuda kwei?"

Dai chaikwanisa kutaura, chaizoti, "Hama Bill, handisi ini ndiri kutubwida. Ndechimwe chinhu shure kwangu chiri kundisunda, chichingotubwida."

83 Zvino kana Mweya Mutsvene wauya mumunhu, pane chimwe chinhu, mafashama, zvitubu zveMvura zviri kutubwida kuenda muHupenyu husingaperi. Ungagona sei . . .? Jesu akaudza mudzimai patsime, "Uyo anonwa Mvura iyi achawana Hupenyu husingaperi. Ichava maari, zvitubu zveMvura, zvichitubwida kuenda muHupenyu husingaperi." Hareruya! (Ngatidzokerei kuna Eksodho.) Oo, ini zvangu, pafungei!

84 Hupenyu Husingaperi, mushure mekunge makore 10 bhiriyoni apfuura! Kana makungwa aya ekare, zvinova kuti zvikamu zvinopfuura zviviri kubva muzvitatu, zvemvura, zvenyika iyi zvakafukidzwa nemvura, masaisai makuru achifamba nesimba kunze uko, paanokunguruka ari mudenga zvinopfuura tabhenakeri ino ka 2 kana ka 3, achirovera muzvikepe, zvichiwira kune rimwe divi, nerimwe; mamwe emazuva ano, hama, vacha . . . chivi chave murwi wakakura kwazvo panyika kusvika achayerera semisodzi achienda mumagwenga. Panenge pasisina gungwa, pasisina mwedzi, pasisina nyeredzi. Hareruya! Ini ndichange ndichingorarama! Uye nevamwe varume nemadzimai vose vakaberekwa patsva vachange vachirarama muHupo hwaKe hunoyevedza mhiriko, vakaitwa, vakaumbwa mumufananidzo weMwanakomana waVo akazvarwa ari oga. Nenyasha dzaKe takaponeswa!

85 Ndokusaka nyanduri akati, "Rudo rwaMwari, rwakapfuma kwazvo, rwakachena kwazvo, harwunzwisisike kwazvo uye rwakasimba! Rwuchagara nokusingaperi, rwiyo rwevatsvene neNgirozi." Ko tingagoramba takadzikama chirudzii? Ini zvangu!

"Humbowo here, Hama Branham?" Ehe.

86 Zvino, Isaka, Jakobho, uye zvino Josefa. Zvino Josefa akafa, waiva muenzaniso wakakwana chaiwo, mapfupa ake akasiiwa ipapo sechirangaridzo.

87 Pano nguva shoma yapfuura . . . Handifunge kuti Billy ari muno kumashure uko, handitaure izvi kwaari kana achinge aripo. Takaisa ruva paguva raamai vake, mangwanani eKushongedza. Akanga achichema, akamirapo. Zvino ndakati, "Billy, usachema. Ingovhara maziso ako, tarisa mhiri kwegungwa uko." Ndikati, "Amai vareremo, nehanzvadzi yako duku irere pamwe navo; asi havamo imomo. Pane bwiro risina chinhu mhiri kwegungwa uko." Hareruya!

88 Ndiko kwandinotarisa, sekungotarisa kwakaita vaHebheru, "Rimwe zuva tiri kuzobuda." Uye rimwe zuva tiri kuzobuda! Handimbonzwi zviya zvekuti "dota kudota, kana guruva kuguruva, nevhu kuvhu," asi ndinotongofunga kuti, "Rimwe zuva!"

89 Rimwe zuva pandakanga ndichiparidza mariro emumwe aimbova sheriff kuno, weguta. Mukomana uyu akanga achangobva kuuya kuna Kristu, mumaawa mashoma asati

afa. Ndakaona baba vake vakwegura vane bvudzi jena vachikotamira pabhokisi, nemiromo ichidedera nemisodzi ichiyerera, ndokutsvoda mukomana uyu kuti bhai-bhai, vakatopotsa vawira mubhokisi racho. Ndakazvinzwa, ndakacheuka kumashure. Zvino vakabva vadonhedza maruva. Ndokutendeuka, ndikati, "Dota kudota, uye guruva kuguruva, nevhu kuvhu." Ndakafunga, "Rimwe zuva rinobwinya! Pane kumwe kubuda kwezuva kwakanaka, Jesu achauya!" Ndizvozvo. Zvakanaka.

90 Tiri kuzosvika rinhi pachidzidzo ichi? Zasi-zasi muEgipita, nguva dzakanga dzapfuura. (Ndinamatireiwo.) Zvino ikoko, zvadaro, pakupedzisira pakazosimuka Farao akanga asingazive Josefa. Makore 400 Mwari vakavimbisa kuti vaizonge vari ikoko, uye vaiveko kwemakore 420 pavakazobuda.

91 Zvino, chitsauko 1, kubva pachitsauko 1 kusvika pa 5, vhesi 5, iIsraeri iri muEgipita.

92 Uye kubva pavhesi 7, zvichidzika kusvika pavhesi 22, inotaura nezvehutapwa hwavo. Vazhinji venyu makazviverenga kakawanda, kwazvo.

93 Ndichasvika pane imwe pfungwa pfupi zvino. Ndinongova ne—nenguva shomanana chaiyo. Zvino tinotanga muchitsauko 2, gadziriro yerudzikinuro, kuberekwa kwaMosesi. Vanhu vakatanga kugadzirira. Vatariri vebasa vachirova, vana vachiuraiwa. Nguva yekutenderera kwemavhiri echiporofita chaMwari yakanga yasvika panguva chaiyo.

94 Teererai, ndinoda kuti mubate izvi, ndinotenda kuti vasvika kwairi zvakare. Ndinotenda kuti tasvika. Ndicho chikonzero ndichifunga kuti zvinhu zviri kufamba nenzira yazviri kuita nayo iko zvino. Wachi yekare yechiporofita yafamba kusvika pedyosa nenguva yacho yazvinoitaka. Ndakaparidza nezvazvo imwe nguva yakapfuura. Uye mupendi wechiJerimani ndiye akaipenda, ndinayo yakarembera mumba mangu; murume ari mumunamato, neBhaibheri rakazaruka, kenduru diki yemafuta ichibvira, newachi iri pana 5 minutes to 12, pamufananidzo wependi yemafuta. Gadziriro, kugadzirira, Mwari vachigadzirira kuita chimwe chinhu. Zvino tarisai.

95 PaVakagadzirira kuita chimwe chinhu, Vakapa kuzvarwa kwakatsaurwa zasi muEgipita, kune kakomana kaduku kekare. Akangoitawo semukomana wese zvake. Aingovawo murume werudzi rwaRevhi, akaenda akanozvitorera mudzimai, aiva muRevhi, zvino vakava nemwana mudiki. Zvino vaiuraya vacheche vese vechikomana, asi mwana uyu paakazvarwa paiva nechimwe chinhu chinoshamisa pamusoro pemwana uyu, chimwe chinhu chakaitika. Kufanotemerwa, kufanogadzwa. Mosesi haana kumbova nechokuita nazvo. Asi akanga ari Mosesi, saka havana kutya mirairo yamambo. Vakamuisa muareka diki,

uye akarerwa pasi pemasuwo aFarao (ndizvo here?), kuti azova mwanakomana wake. Zvakanaka, zvino.

96 Mosesi, kubva pavhesi 11, zvichidzika kusvika pavhesi 25, ndiMosesi achizvizivisa kuvana veIsraeri. Vazhinji vanoziva kuti zvakaitika sei ipapo. Akazvizivisa pachake. Uye ipapo paakadaro, akafunga kuti hama dzaizonzwisisa kuti ndiye aiva murume wacho akatumwa ku—kuzovaburitsa pasi pehuranda, asi vakatadza kuzvinzwisisa. Ndizvo here?

97 Uye, oo, vanhuwee, mufananidzo wakanaka sei wanhasi! Chinhu chaicho chakauya kuzodzikinura vanhu, vari kutoChitya. Vari kutya Mudzikinuri wacho.

98 Teererai, pavakavaka temberi yaSoromoni, ivo, iyo... Chero ani wenyu imi munovaka nematombo muri pano munogona kunzwisisa izvi zvakanakisa. Vakaunza misidhari kubva zasi kuRebhanoni, vakaiunza nemumvura kunosvika kure sekuJopa, ndokuitakura nengoro yemombe, nezvimwe zvakadaro, munoziva. Zvino vakabva vacheka matombo avo ese, achibva pasi rese. Asi paakauya pamwe chete, akanga ari matombo akavezwa zvakanyatsonaka! Mumakore 40 pakuvakwa kwetemberi, pakanga pasina ruzha rwesaha kana ruzha rwenyundo. Dombo rimwe nerimwe rakaenda, rimwe raive rakachekwa nenzira *iyi*, rimwe raive rakachekwa nenzira *iyo*, rimwe raive rakachekwa uku nenzira *iyi*, asi ose zvawo akaenderana pamwe chete. Vakatanga kugadza chinhu ichi, vachisimudza chivakwa, vachifambira mberi zvakanaka. Zvino vakawana dombo rairatidzika zvisinganzwisisike. Vakanga vasingade chinhu ichocho, vakati, "Iro harisi repano iro." Zvino vakarikavira kunze, vakarikanda pamurwi wemasora. Uye, vakazoona kuti, pavakaenderera mberi nemberi nemberi nekuvaka, zvino, vakazoona kuti, dombo chairo ravakanga varamba ndiro rakanga riri dombo guru repakona. Jesu akataura kudaro.

99 Uye, nhasi, maMethodisti, maBaptisti, maLutherani, maPentekosti, kwese-kwese, kana mukasachenjera, shamwari; Dombo chairo repakona, muchaRiramba, uye Dombo repakona mukuvakwa kweimba ino yemweya ndiwo Mweya Mutsvene. MunoUtya. Munotya kupengereka. Ndinoziva kuti tine madukununu akawanda pamwe nekunyomba. Handiti, dai panga pasina izvozvo, pangadai pasina Chacho chechokwadi. Asi pane chinhu chechokwadi cheMweya Mutsvene murubhabhatidzo. Ichokwadi. Zvakanaka. Uye zvino vakaUramba, vachiti, "Oo, hatikwanise kuita *izvo*. Oo, saka, hatikwanise kuva naWo, Hama Branham."

100 Ndakati pano rimwe zuva, apo mumwe mukuru wekoreji huru akanga agere mumba mangu, uye akabva kukoreji yaBilly Graham, Chiremba Sanden, neboka ravo vakagara ipapo. Zvino vakati, "Hama Branham, tichakuudzai zviri

kunetsa." Vakati, "Zvakakwana kutendeutsa pasi rose." Vakati, "Ndichakuudzai kuti dambudziko nderei," vakati, "mune maPentekosti nevaumburuki vatsvene vakawandisa mumusangano wenyu. Ndipo pane kunyunyuta kwacho."

Ndakati, "Munozoutsigira nemari here?"

"Zvino, honguka, tichave. . . "

101 "Ehe, ndafunga kudaro. Kwete, hamaizombozviita. Zvirokwazvo, hamaizombozviita." Ndizvozvo chaizvo.

102 Machechi makuru iwayo anogona kuenderera mberi nekuva nedzidziso dzavo dzebhaibheri, nekutaura kwavo pamusoro pe*izvi* uye votaura pamusoro pe*izvo*, uye vomira votarisa, vaine maD.D. avo kumashure kwavo, nezvinhu zvakadaro, uye vamwe vavo havatozive nezvaMwari sekusaziva kungaita tsuro pamusoro pekupfeka shangu dzemuchando. Ndizvozvo. Oo, oo, zvirokwazvo vanoziva mashoko ose echiGiriki, uye vanoziva dzidzo yavo—yavo. Mwari havazivikanwe nedzidziso yebhaibheri kana fundo. Mwari vanozivikanwa nekutenda! Zivo inobvisa munhu kubva pana Mwari; kutenda kunomuunza kuna Mwari. Ndizvo zvakamupatsanura kubva pana Mwari, mubindu reEdheni, akaenda kumuti wezivo.

103 Uye rubhabhatidzo chairwo rweMweya Mutsvene rwakaunza Hupenyu kuvanhu, chikonzero maPentekosti nevaumburuki vatsvene, sezvamunovadana, vanondigamuchira panyaya yekupodza kwaMwari.

104 Oo, chokwadi, madzimambo nevatongi, vanonzwa nezvazvo, vanoti "huyaiwo kuno," Ishe, netsitsi dzavo, vanovapodza vacho vakadaro. Ichokwadi.

105 Asi vamwe vose, kana ukataura nezveHupenyu Husingaperi, ivo "ndevechechi yeAnglicani," ivo "ndeve kune *iyi*, *iyo*, ne*imwewo*," ivo "inhengo yechechi." Izvozvo hazvinei nechekuita nazvo. Kunge uri nhengo yechechi hazvireve *izvozvo* kuna Mwari, kunze kwekunge wakazvarwa patsva! [Hama Branham vakaridza minwe yavo—Mupepeti]

106 Panongori neChechi imwe chete, uye ndivo avo vakaberekwa muMutumbi waJesu Kristu, nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Hareruya. Rega ndikuudze, hama yangu, panongori nenzira imwe chete yekupinda muna Kristu. Hazvisi zvekukwazisana maoko, kana nerubhabhatidzo rwemumvura, nekusaswa, nekurega kudya nyama, nekuchengeta mazuva esabata. Nekurega kuputa, kutsenga, kunwa doro, kutuka, zvinhu zvese izvi, handiyo nzira yekupinda nayo muna Kristu.

107 Kuputa midzanga, kunwa hwiski, kumhanya-mhanya nemumwe, nevakadzi, zvisina hunhu, nezvinhu zvose izvi zvamunoita, izvozvo hazvisi chivi. Hapana chinhu. . .Hachisi chivi. Kunyomba, kutuka, kunwa doro, hachisi chivi, izvozvo

zvibereko zvechivi. Uri mutadzi, ndizvo zvinokuita kuti uzviite; asi handicho chivi, izvozvo zvibereko zvacho.

108 Sezvakangoita iye zvino, izvi zviri kuzokurwadzai. Asi ndine mungava neShoko raMwari, ndinoda kuRikurukura, chero nguva hayo. Hepano apo imi vanhu vePentekosti pamakakanganisa, vazhinji venyu mugere pano, zvokudzidzisa kuti, "Chiratidzo chekutanga cheMweya Mutsvene, kutaura nendimi kuve uri Mweya Mutsvene." Handiti, kutaura nendimi kwakanaka, asi ichocho chibereko. Handiwo Mweya Mutsvene; ndizvo zvinoitwa neMweya Mutsvene.

109 Mweya Mutsvene rudo rwaMwari. Ndinogona kuzviratidza neBhaibheri. "Kunyange ndikataura nendimi dzevanhu neNgirozi, asi ndisina rudo, hazvindibatsire chinhu."

110 Kana uchida muti wemuapurosi, uye uchingova neapurosi, uri kure-kure nekuwana muti. Munoona, chibereko.

111 Chivi! Chikonzero uchituka, kuputa, kunwa, kutsamwa nekuviruka nehasha, nezvinhu zvakadaro, imhaka yekuti uri mutadzi. Hachisicho chivi; imhaka yekuti uri mutadzi. Jesu akati, Rugwaro rwunotaura izvi, "Uyo asingatendi akatotongwa kare." Kana uchitenda, hauite zvinhu izvozvo, nekuti Hupenyu hwaKristu huri mauri. Uye kana ukazviita, imhaka yekuti uri mutadzi uye hausi mutendi. Kunyange uchizviti uri, asi hausi. Muti unozivikanwa nemuchero wawo. Zvino, izvozvo, regai zvisinine kwechinguvana pandiri kuverenga. Ndizvozvo. Ndizvo zvakataurwa naJesu, "Muti unozivikanwa nemuchero waunobereka. Muti wakaipa haubereki muchero wakanaka." Zvakanaka.

112 Zasi-zasi, havo vachiuya, nguva yerudzikinuro. Mosesi akaberekwa, akakurira pamasuwo aFarao, akabuda, akava netariro yekuti vana ava vaizocherechedza kuti ndiye muchinda aizozviita. Asi vakazviita here? Kwete, changamire. Vakati, "Ndiani akakuita mutongi pamusoro pedu? Unoda kutiuraya sezvawakaita muEgipita uya here?" Zvino Mosesi ndokutiza. Horaiti. Mosesi, akarambwa nehama dzake.

113 Kutangira pavhesi 21 yechitsauko 2, tichazomira muchinguvana pane izvi. Ndiri kungoedza kukupai nheyo. Tangosarirwa nemaminitsi mashoma, zvichida tichazopedzisa mangwana manheru. Cherechedzai, akarambwa nehama dzake, zvino akabuda akaenda kunyika yeMidhiani ndokuroora mudzimai weMarudzi.

114 Mufananidzo wakakwana waKristu, aiva Mosesi. Ndizvo here? Madzitateguru ose aya akafanorarama hupenyu hwakararamwa naJesu Kristu. Mosesi akaberekwa pasi pekutambudzwa, sezvavaingouraya vacheche vese munguva yaMosesi. Jesu, paAkauya, vakanga vachiuraya vacheche vose kuti vaMuwane. Ndizvo here? Dhiyabhore achiedza kubata Mosesi, dhiyabhore achiedza kubata Jesu. Akanga achiedza!

115 Ndinoona Jesu paAkaenda kumusoro, zasi ikoko, akagogodza pamusuwo zasi ikoko mugehena, mangwanani iwayo. Hareruya! (Handizive kana zvirimo—imo mandiri kuti ndizvidzidzise manheru ano.) Pandinoona Jesu paAkafa paKarivhari, akakwira kumusoro, akadzika ikoko akaona vanhu vose ivavo vari ikoko, vachichema nokuungudza, nokungoenderera, akati, "Maifanirwa kunge makateerera kuvaporofita." Akaparidzira kumweya yakanga iri mutorongo. "Makava naEnoki, makava nevaporofita, makanga muine mirawo, sei musina kuiteerera?" Havana. Musuwo ndokuvharwa.

Akadzika zasi kugehena, akagogodza pamusuwo. Satani akati, "Ndiani ari apo?"

Akati, "Huya, uvhure musuwo!" Oo, ini zvangu! Ndiri kungopa mutambo, ndizvo.

Akasvika pamusiwo, ndokuvhura musuwo, akati, "Ndiwe ani?"

Handiti, Akati, "Ndini Jesu Kristu."

"Oo, saka wazopedzisira wasvika kunoka, handiti? Huh! Ndanga ndichikutsvaga kwenguva yakareba, chikomana."

"Ndinoziva kuti wainditsvaga."

116 "Zvino tarisa! Ndakafunga kuti ndakakubata pandakauraya Abheri. Ndakafunga kuti ndakakubata pandakauraya Mosesi. Ndakafunga kuti ndakakubata pandakaita zvinhu zvose izvi. Pandakabata Johane Mubhabhatidzi, ndakafunga kuti ndaive ndakakubata zvechokwadi. Asi manje ndazokubata, uri mumaoko angu kuno!"

117 Ndinonzwa Jesu Kristu achiti, "Ndini Mwanakomana waMwari akaberekwa nemhandara. Ndakabva kumizinda michena yehumambo yaBaba vaNgu, uye Ndakauya panyika. Zvino panyika, pagezwa mangwanani ano neRopa raNgu raNdapa, uye ndabhadhara mubhadharo werufu, chivi, negehena. Ndipe makii iwayo!" Hareruya! "Ndini ndave kuchitonga kubva zvino zvichienda mberi. Wakabata vanhu muhutapwa, wakavabata nekutya nezvimwe zvose, asi Ndave kuchitonga kubva zvino zvichienda mberi!" Hareruya! Akaatora ndokuaturika parutivi rwaKe iYe, ndokumusundira shure mugehena, ndokufamba achienda. Ameni. Ameni!

118 Mukundi ane Masimba, kubva paAkatsemura chidzitiro nepakati, tarirai, Muonei pachena zvizere! Mukundi ane Masimba akamuka, akati, "Ndini iYe aive akafa, ndiri mupenyu zvakare, uye Ndiri mupenyu nokusingaperi, uye ndine makiyi erufu negehena." Hareruya! "Uyo anonzwa Mashoko aNgu nekutenda kuna Iye akaNdituma, ane Hupenyu husingaperi. Ndine makiyi erumuko, Ndichamumutsa nezuva rekupedzisira."

Zvinondigutsa izvozvo. Ameni! "Ndini iYe." Ameni. Oo, ini zvangu!

119 Mosesi, achirambwa nehama dzake chaidzo; Jesu akarambwa nehama dzaKe pachaKe. Josefa akarambwa nevakoma vake chaivo; honai Jesu achigara zasi imomo, Mweya uya waMwari uchiuya kusvika paKukwaniswa. Uye hepano paWakanga uri Kukwaniswa, muMurume uyu. Ndizvozvo chaizvo. Aiva muna Mosesi, chokwadi Aiva; akarambwa nehama dzake, uye ari mutorwa munyika yake iye, uye akatora mudzimai weMarudzi. Hareruya.

120 Vanakomana 2, zvakare. Ameni. Ndichasvika kwazviri pamagumo ezvidzidzo izvi, zvichida Mugovera kana Svondo. Vanakomana 2 ivavo, Efuremu naManase. Vanakomana 2, zvakare. Ndizvo here?

121 Akarambwa nehama dzake, saJesu Kristu akarambwa nehama dzaKe; akatuma Mweya Mutsvene, ndokurambwa nehama, uye ndokuuya uye iye zvino ari kuwana Mwenga weMarudzi. Achizviita saJosefa; akarambwa nevakoma vake, akatora mwenga weMarudzi. Oo, ini zvangu! Zvino, chitsauko 2.

122 Kudanwa kwaMosesi, gwenzi raipfuta. Oo, ndinoshuva kuti dai tanga tiine nguva yokupinda mazviri. Hatina. Masekondi mashomanana zvino, tobva ta—tobva taedza. Kana waneta, simudza ruoko rwako, uye ndicha—ndicharega, zvechokwadi ndichadaro.

123 Tarisa! Oo, hama, izvi zvakafanana nechimodho nebhinzi, Zvinonyatsobata ura. Zvinokubata neimwe nzira, unogona kuita—kuita basa rezuva rose raShe rakanaka mangwana. Unogona kubuda kunze wonosangana nadhiyabhore, woti, "Ndinoziva pandimire. Kwete nekuti kachando kadzika nekumusana kwangu; nekuti ZVANZI NAJEHOVHA! Ibvapo, Satani, ndini ndava kuchitonga zvino."

124 Zvino tiri vanakomana vaMwari. Hmm! Riinhi? Zvino! Mangwana manheru? Kwete, iko zvino! Zvino tiri vanakomana vaMwari! Zvino takagara pamwe chete munzvimbo dzeKumatenga. Zvino Mweya Mutsvene uri pano. Riinhi? Zvino! Zvino tine Hupenyu Husingaperi. "Mungapinda here muHupenyu Husingaperi pamunofa, Hama Branham?" Ndinahwo zvino! Nditori nahwo. Chirudzii? Jesu Kristu akataura kudaro, ZVANZI NAJEHOVHA.

Saka, ibvapo, rufu. Ibvapo, Satani, hauchisina zvisungo kwandiri.

Pauro wekare! Vaivaka danda rekugura musoro kunze uko, akati, "Unoziva kuti chii icho here, mukomana? Ndiri kuzodimbura musoro wako."

"Hoo nhai? Ndakarwa kurwa kwakanaka. Ndapedza rwendo. Ndakachengeta Kutenda."

125 "Heyi! Uri kuzotaura kuti kudii usati wafa?" Rufu ndokuti, "Aa, iwe kamuJudha kane mhuno yakakombama! Ndinoziva kuti wakarohwa neshamhu, uye ndokudzikiswa ne. . .zvimwe zvakadaro, uye vakaita *izvi*, *izvo*, kana *zvimwewo*, asi zvino ndakubata." Akatarisapo. Rufu ndokuti, "Ndichakuita kuti udedere pamwe nekubvunda."

Akati, "Rufu, rumborera rwako rwuripi?"

Guva kunze uko, nemavhu (musoja wechiRoma uya akakanda mavhu, kuti amufushire zasi imomo), rikati, "Ndichakubata."

Akati, "O rufu, rumborera rwako rwuripi? Guva, kukunda kwako kuripi?" "Asi Mwari ngavavongwe!"

Guva rakati, "Ndichakubata. Ndichakuisa chakuvhe. Ndichakuodza iwe. Honye dzichakudya. Mapfupa ako achashanduka kuva guruva."

126 Asi Pauro akati, "Tarira bwiro risina chinhu kunze uko, ndiri maAri! Hareruya! Ndichamuka zvakare mangwanani iwayo ndonogamuchira korona iyo Ishe, Mutongi Akarurama, achandipa. Kwete ivo chete, asi mumwe nemumwe wavo" (kunyangwe avo vari muBranham Tabhenakeri) "vanoda kuoneka kwaKe." Ameni. Chokwadi.

127 Dhiyabhore haasi chinhu kunze kwechidukununu, anongokutyisidzira mune chimwe chinhu. Haana kodzero pamutemo zvachose. Akatorerwa kodzero dzese, masimba. Akaparadza zvinhu zvose paAkafa paKarivhari. Heunoi Uyu, achidzika zvino.

128 Mosesi akanga atiza, aitova kunze uko kuseri kwerenje, achifudza makwai aJeturo. Ini zvangu, makore 40 akanga ari kunze ikoko, uye aiva nevana vashoma. Achibuda kunze ikoko. Uye kamudzimai kake, kakwegura . . . Kaiva kanhu kane hasha, uye Mosesi aiva nehashawo, zvakare, saka ndinombofunga vaiva nenguva huru seri kwegwenga iroro. Handiti? Mwari vanoziva nzira yekukupingudza nayo. Hongu.

129 Saka, mamwe mangwanani ndiri kumuona netsvimbo yakudhara yakakombama, achikamhina, akabatirira, makore 80 okuberekwa, nendebvu chena dzakarembera pasi se*zvizvi*, nebvudzi rakarembera pasi. Akatarisa kune rimwe divi, akati, "Chiono chinoshamisa icho." Akatarisa zvakare, akati, "Seiko muti uyo usiri kupera nokutsva?" Akati, "Ndinotenda ndichangotsaukirako."

130 Munoziva, dzimwe nguva unonzwa ruzha rwakawanda wobva wangotsauka, kuti uone kuti chii, wobva watoponeswa. Moto wakawanda, munoziva; ehe, Unotanga kubvira, Moto

weMweya Mutsvene unotanga kubvira, vanhu vanotendeuka vachiti, "Chii chiri kumboitika apo?"

131 Zvino Mosesi akatanga kuswedera pedyo, achiti, "Hameno kuti sei chinhu icho chisiri kupera nokutsva? Wanga uchibvira ipapo kwehafu yeawa, hausati waupisa nazvino." Akafamba achikwidzako, ndokuti, "Zvinoka, ndichangofamba ndoona kuti ndezvei chaizvo."

132 Zvino Inzwi rakataura kubva ipapo, rikati, "Bvisa shangu dzako, nzvimbo yaumire inzvimbo tsvene." Zvino, haRina kuti, "Bvisa . . ." Kwete kuti, Mosesi akati, "Ndichabvisa ngowani yangu." Vakati, "Shangu"! Saka akanhanhavira zasi ndokubvisa shangu dzake.

Akati, "Ndimi Aniko, Ishe?"

133 Vakati, "Mosesi!" Zvino izvi, kutangira pachitsauko 3, zvichidzika kubva pavhesi 1, zvichidzika kusvika kuda pane yechi 12.

> Vakati, Mosesi, Ndanzwa kugomera kwevanhu vaNgu, zvino Ndarangarira vimbiso yaNgu. (Oo, hareruya!) Ndarangarira vimbiso yaNgu naAbrahama. Uye Ndanzwa kuchema kwavo nekugomera, Ndaburuka kuti ndizovadzikinura. (Ameni. Kudzika kuti vachengete Shoko raVo!)

134 Mamwe emazuva ano, makuva ekare mhiri uko, matombo epamakuva ari padivi peguva raambuya, hazvina mutsauko wazvinoita, "Ndarangarira vimbiso yaNgu, Ndaburuka kuzovadzikinura." Handina basa nazvo, ngazviuye muchinguva chidiki, hazvina mutsauko wazvinoita kwandiri. Hareruya. Ndinoziva Ari kutungamira ngarava. Hamudaro here? Ingogarai makadzikama.

"Ndaburuka kuzovadzikinura."

"Saka Muchaita sei?"

"Mosesi, Ndiri kuzokutuma."

"O Ishe! Kundituma? Ini—ini handikwanise kuzviita, Ishe."

"Oo, hongu. Ndakakuisa munyika ino nechinangwa ichocho."

135 "Zvino, ndine makore 80 ekuberekwa, uye ndakati omararei kumusana kwangu, ndinogona kunge ndava nearthritis. Uye handisi munhu anotaura zvakatsetseka. Ini—ini handikwanise kutaura zvakanaka." Zvino, Ndiani akagadzira muromo wemunhu? Akati, "Ishe, kana Mukandiratidza Kubwinya kweNyu, ndichaenda." Ameni. (Usatya, shoko iroro rinoreva kuti "ngazvive saizvozvo," munoona.) "Ndiratidzei Kubwinya kweNyu uye ndichaenda." Ndinofarira kuona kumwe Kubwinya kweShekina ikoko, hamudaro here? Hongu, changamire.

"Ndiratidzeiwo Kubwinya kweNyu, Ishe. Zvino, chii, Kubwinya kweNyu chii, Ishe?"

"Mosesi, chii icho chiri muruoko rwako?"

"Chimuti, Ishe, chimuti chakudhara chakakombama."

136 Vakati, "Chikandire pasi." Akachikandira pasi, ndokushanduka kuva nyoka. Akasvetukira kumashure. Vakati, "Inhonge nekumuswe." Akadaro, yakashanduka kuva tsvimbo. Vakati, "Zvino, Mosesi, chii chiri mune rwako...?" Vakati, "Tora ruoko rwako, urwuise muchipfuva chako." Akadaro, pamoyo pake. Akarwubuditsa, rwakanga rwakachena nemaperembudzi. Munoona, zvinoreva kuti hana yemunhu, moyo wemunhu wakachena nemaperembudzi, mifungo chaiyo yepfungwa dzake maperembudzi, chivi. Akarwudzosera muchipfuva chake, ndokurwuvhomora zvakare. Chii chaifanira kuitwa? Parwakabuda, rwakanga rwachena, rwacheneswa, seruoko rwemwana mucheche, serumwe ruoko.

137 Akaona Kubwinya kwaMwari. Kubwinya kwaMwari chii, zvino? Minana, zviratidzo, zvishamiso, nekupodza kwaMwari. "Ndiratidzei Kubwinya kweNyu, Ishe."

138 PaVakanga vagadzirira kudzikinura vanhu vaVo, Mosesi ndokuuya, Mweya Mutsvene, uye woratidza zviratidzo, zvishamiso, nekupodza kwaMwari. Ameni. Ndizvozvo! Zvino akatarisa muruoko rwake, akati, "Ini zvangu!" Zvino, tarisai, iyi yaiva tsvimbo yekutonga. Ndiyo yaiva tsvimbo, tichaona muchidzidzo chemangwana manheru kuti tsvimbo iyoyo yakashanda sei pamusoro peEgipita. Yakanga isiri yaMo-... yaiva tsvimbo yekutonga yaMwari. Uye ruoko rwunobata kutonga kwaMwari rwunofanira kucheneswa, ameni, ruoko rwakacheneswa kubva pamaperembudzi ake. Akainhonga, vakati, "Zvino, enda zasi muEgipita. Mukoma wako ari munzira kumusoro kuno, uye achava muporofita kwauri, uye uchava saMwari kwaari."

139 Hoyo Mosesi achienda, akauya ndokuti, "Jeturo, ndiri kuzokusiya nhasi." Ndokutora nyurusi rekare akaisa tambo pariri, saizvozvo, ndokugadzika mudzimai wake akatasva nyurusi iri rekare, nemwana pahudyu imwe neimwe, zvino hoyo ndokuenda. Ungambozvifungidzira here izvozvo? Murume akwegura, ane makore 80 ekuberekwa, ndebvu dzepamuromo, ndebvu dazakareba nevhudzi rakareba, chimuti chakakombama muruwoko rwake, achitungamira mbongoro yekare, ine mudzimai agere pairi, aine vana 2, vachienda zasi kunotora hutongi muEgipita? Ungambofungidzira here chiono chakadaro?

"Uri kuenda zasi kunoitei, Mosesi?" Vamwe vavo.

140 "Hezvino ndoenda." Ini zvangu, akanga aine nguva huru. "Handei, Zipora." Ndiye mudzimai wake, munoziva. Achidhonzawo mbongoro yekare, zvakare, vachienda. Akati,

"Huya tiende, tiri kuenda zasi kuEgipita, zasi kunoipamba." Egipita yaive yakaita seRussia. Mauto ane zvombo zvemichina zvikurusa, mauto makurusa pasi rose, aive muEgipita. Yaigona kutsakatisa nyika yese, kuirovera pasi. Zvino Mosesi akanga achidzika kuti atore masimba. Murume akwegura ane chimuti muruoko rwake, mudzimai akagara panyurusi, nemwana ari pahudyu imwe neimwe, heunoi ari kuenda, vaienda zasi kuti vatore masimba. Sei? Mwari vakanga vavimbisa. Mbiri kuna Mwari!

141 Ndiyo nzira imwe chete paKadheshi-bhania. Mwari vakanga vavavimbisa. Joshua akati, "Tinogona kuzviita, nokuti Mwari vakataura kudaro!"

142 Havoka avo, vachienda zasi kuEgipita. Uye zvino tarisai kuti munhu anogona kushaya hanya sei. Muimba yevaeni, Mwari vakasangana naye zasi kuno muimba yevaeni, uye vangadai vakamuuraya, zvino Zipora akaenda akanotora dombo rinopinza ndokudzingisa vana vake 2 nedombo rinopinza, ndokukandira chikanda chepamberi kuna Mosesi, akati, "Uri murume weropa kwandiri," zvakatoponesa hupenyu hwaMosesi. Mosesi aiitei? Mosesi aiva mubishi guru rezuva iroro, kusvika ava pa—pachinhano chakadaro chekuenda zasi ikoko, akakanganwa chisimbiso chekudzingiswa.

143 Uye ndipo pane zvatiri kuita nhasi. Ndipo apo machechi ehutsvene ari kukundika. Tine nguva yakawanda kwazvo, Ishe vakatipa mari yakawanda, Tiri kuvaka machechi makuru kwazvo, nezviruvi zvikuru, uye tichiisa zvigaro zvemutepfetepfe, nemapaipi ogani, kusvikira takakanganwa Chisimbiso chaMwari, runova rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Chokwadi! Mwari, titumireiwo mumwe—mumwe Zipora. Ndizvozvo. Kudzingiswa! Murume wese muEgipita, weIsraeri, akanga asina kudzingiswa, akagurwa. Zvino kudzingiswa ndicho chaive chisimbiso chevimbiso. Zvino kudzingiswa kweTestamende Yekare, ndirwo rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene rweItsva. Uye munhu wese ari kunze kwerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene achagurwa. Hezvoka izvo. Mwari, ivai netsitsi!

144 Ndi—ndi—ndinoziva kuti ndiri kukunetesai, asi ndiri kungova nenguva yakanaka! Ini, saka, pamwe ndinofanirwa kumira. Zvakanaka. Tongotanga mangwana manheru pavhesi 4 ipapo, chitsauko 4.

145 Jehovha, muchikamu chekupedzisira chechi 4 pano, chechi 3, vanoita kuti Zita raVo rizivikanwe, "NDIRI WANDIRI."

Akati, "Ndiani wandichati akandituma?"

Vakati, "NDIRI."

Akati, "Vanhu havazozvitenda."

Vakati, "Vaudze kuti NDIRI akutuma. NDIRI." Kwete "Ndaive, Ndichave." Asi, "NDIRI," ndiyo nguva yazvino.

146 MaJudha rimwe zuva vakanga vakamira ipapo vachinwa mvura, uye vachifara nekutaura pamusoro pemana yavakadya murenje. Zvino Jesu akamira pakati pevanhu, Mutsvene Johane 6, ndokudanidzira, ari pamutambo. Uye vakati, "Handiti, madzibaba edu vakadya mana murenje."

147 Zvino Akati, "Ivo, vese, vakafa." Akati, "Asi ndiNi Chingwa cheHupenyu chakabva kuna Mwari chichibva Kudenga, Muti weHupenyu kubva mubindu reEdheni, kana muchida. Ndini Chingwa cheHupenyu kubva. . .kubva Kudenga. Uye kana munhu akadya Chingwa ichi nekunwa Ropa iri, akanwa Ropa raNgu uye odya Nyama yaNgu, ane Hupenyu husingaperi, uye Ndichamumutsa nezuva rekupedzisira."

148 Vakati, "Murume uyu anomhura. Achatipa sei mutumbi wake kuti tidye?" Akati, "Saka, zvino, tinoziva! Tinotenda Mosesi. Mosesi ndiye wedu—muporofita wedu. Tinotenda Mosesi. Uye madzibaba edu vakapiwa chokudya murenje kwemakore 40, nemana."

149 Akati, "Ndinozviziva izvozvo." Akati, "Ndinozviziva izvozvo. Asi mumwe nemumwe wavo akafa." Akati, "Asi ndiNi Chingwa cheHupenyu."

"Nhai!" Vakati, "Saka, munoreva kundiudza izvozvo?"

150 Ndiye aive Dombo raiva murenje. Ndiye aive Mana yaive murenje. Akanga ari Chingwa chokuratidza mutemberi. Oo, Akanga ari Mvura dzemuJorodhani. Girori! Akanga ari Arufa, Omega, Mavambo neMagumo. Aiva iYe Aivapo, Uyo Aripo, uye AchazoUya. Akanga aripo nyika isati yavapo, Achavapo kana pasisina nyika. Mudzi neBukira raDhavhidhi, Nyeredzi yeMangwanani, Hapa remuMupata, neRozi reSharoni. Hareruya! Zvose Mudzi neBukira raDhavhidhi, hareruya; Dhavhidhi asati avapo, muna Dhavhidhi, uye mushure maDhavhidhi! Girori! Ndinotenda mukuva Mwari kwaJesu Kristu. Aipfuurira kuva muporofita. Aipfuurira kuva murume akanaka. Aive Mwari vakafukidzwa munyama, Mwari muna Kristu, vachiyananisa nyika kwaAri. Ndizvo zvaAiva. Tichapinda mazviri muhusiku hushoma, kuti Aive Ani. Ndicho chikonzero usingagone kuva nekutenda, nekuti hauzive kuti Aiva Ani.

151 "Handiti," vakati, "Unoti wakaona Abrahama, uye hausati wava nemakore 50 ekuberekwa." Murume uyu aingova hake nemakore 30 chete. Akanga aneta, uye basa raKe rakanga raMusakadza. Akati, "Hausi murume anopfuura makore 50 ekuberekwa, zvino iwe woti wakaona Abrahama akasofa makore mazana 8 kana 9?"

152 Teererai! Akati, "Abrahama asati avapo, NDIRI." Hareruya! "Ndini Jehovha." Ndiye Jehovha-manase. Ndiye Jehovha-rafa!

Ndiye, Jeh-. . .Oo, Iye. . .Mazita ose erudzikinuro aJehovha akanga ari maAri, uye maAri munogara huzaro weHumwari mumutumbi; hoyoka Uyo.

153 "Ndaburuka kuzovadzikinura. Ndiri kuzivisa Zita raNgu. Vaudze kuti chichava chirangaridzo nemuzvizvarwa zvose, kuti NDIRI WANDIRI. Kwete 'Ndaive' kana 'Ndichazova.' NDIRI!"

Mwari vamwe chete vakanga varipo husiku ihwohwo vari pano manheru ano!

154 "Zvino, Ndiri kuenda mberi kwenyu, Ndichatumira Mutumwa waNgu, uye Achange ari muShongwe yeMoto. Uye ndichaMutuma pamberi penyu zvino, seShongwe yeMoto, uye Achakutungamirirai." Shongwe yeMoto! Huru *kwazvo*, seshongwe. "Shongwe yeMoto ichaenda mberi kwenyu, kukutungamirirai. NDIRI achange ari muShongwe yeMoto iyoyo."

155 Zvino kuBranham Tabhenakeri, uye kunemi munobatidzana nayo uye munoziva zvokwadi idzi, manga muchiziva here kuti Shongwe yeMoto imwe cheteyo inesu manheru ano? Munorangarira mufananidzo waKe uchitorwa zasi uko, uye kuti Wakapararira sei pasi rose zvino, Shongwe yeMoto imwe chete yakatevera Mosesi kumashure uko mugwenzi raipfuta. Chii ichocho? Chero mudzidzi upi zvake pano haangatombo. . . Kana ndanga ndichitamba-tamba pano nemashoko aya nezvinhu, ndinoziva pandimire. Ini ndinonyatsofunga zvakanaka, ndinotenda, kubudikidza neMweya Mutsvene. Regai ndikuudzei, chero mudzidzi upi zvake pano anoziva kuti Mutumwa uya Akatevera vana veIsraeri nemurenje aiva Mutumwa wesungano, uye Mutumwa wesungano aiva Jesu Kristu. Mosesi akakoshesa hupfumi hwaKristu kudarika Egipita yose. Ndizvo here? Chokwadi, Mutumwa weSungano! Saka chii Chiri pano nesu? Vanogona kuti tine, takarasika njere dzedu, tiri *izvi*, *izvo*, kana *zvimwewo*, boka revaumburuki vatsvene, kana chimwe chinhu, pamwe vanogona kuzvitaura. Asi Mwari pachaVo vakaZvisimbisa muShongwe yeMoto imwe cheteyo yakatungamirira vana veIsraeri, iri kutotitungamirira nhasi uno. Hareruya! Mbiri kuna Mwari! Mumwe chete Iyeye akanga aina Jesu Kristu kumashure uko paAkamira uye Akati kuvaFarisei ivavo, vakanga vakamira ipapo, akaudza mudzimai patsime paiva nezvivi zvake zvakavanzika, nezvimwe zvakadaro, Iri kushanda pakati pedu zvino. "Uyo Aivepo, Uyo Aripo, uye AchaUya!" Hareruya! Ndiri kuMutarisira, ko imi? Mbiri kuna Mwari! Hareruya! Zvekufungidzira zvese zvakapera. Oo, ini zvangu!

156 Pandinotarisa muchinjikwa unoshamisa pakafira Muchinda weKubwinya, mukurumbira wangu wese ndinoutora sekurasikirwa, murombo anotambudzika. . .

157 Oo, shamwari yangu mutadzi, ungamira sei uchiona chechi huru iyoyo uko iri mukufanofananidzirwa kwayo, ichiungana, neShongwe yeMoto iyoyo kuti ivatungamirire, uye tarisai kuno uku chaiko zvakare nhasi! Vangani vanawo mufananidzo wacho? Ngationei ruoko rwenyu. Vangani vangada kuva nemufananidzo wacho? Ngationei maoko enyu achisimuka. Ndichava nayo mangwana manheru, pano kuzokuratidzai. Zvakanaka. Heyoka iyo, yakasimbiswa!

158 Vanhu 30,000, vatsoropodzi vakamirapo. Ndikati, “Handizviti ndiri mupodzi. Munoziva kuti handidaro. Ndinongotaura Chokwadi. Pandakaberekerwa mukamba kemapuranga kadiki kekuKentucky kumusoro uko, Mutumwa waJehovha akapinda nepahwindo ndokumira ipapo, paiva neShongwe yeMoto.” Zvino ndakati, “Mwari vakazviratidza. Uye kana ndichitaura Chokwadi, Mwari vanosimbisa Chokwadi. Uye kana ndiri murevi wenhema, Mwari havasi kuzova nechekuita neni.” Zvino sepanguva iyoyo, yakati Fiyuu! Heunoi Ouya. VeAmerican Photographer Association, vose havo ipapo, *Look, Life, Times, Collier,* nevamwe vose. VeAmerican Photographer Association vakatora mufananidzo waYo. Vakati, “Ndinotenda kuti ndezve kushandisa pfungwa. TakaZviona kumashure, asi ndinotenda. . . ” Zvino vakaenda nawo kumba. Zvino, ipapo, Chiedza chakarova ziso rekamera. Vakauendesa kuna George J. Lacy, vakauisa pasi pezvinhu zvose zvavaigona. Uye zvino wakarembera muWashington, DC, muhoro yemukurumbira. Hareruya! Chii ichocho? Jesu Kristu neboka riya ravanoti vaumburuki vatsvene. Mwari varopafadze moyo wako.

159 Mufananidzo wese wakakurumbira wakambopendwa, waifanira kutanga wapfuura nemuhoro yevatsoropodzi. Murume akapenda Chirairo Chekupedzisira uko, wakapfuura nemuhoro yevatsoropodzi. Handiti, vakatsoropodza. Zvakamutorera hupenyu hwake hwese, asi zvino wakarembera muhoro yemukurumbira. Unofanira kupfuura nemuhoro yevatsoropodzi.

160 Uye, hama, hanzvadzi, patakatanga mune izvi zvavanodaidza kuti chinamato cheMweya Mutsvene ichi, kare-kare makore akadarika, taitopindira mutumatanga twemabhiza twakudhara, mumba memumwe munhu, kachitoro pane imwe nzvimbo. Uye vaimira panze, vatadzi, vachitsenga chingamu, vachiseka nekuita dambe, vachitidana kuti vaumburuki vatsvene. Uye nekurara mujeri nezvimwe zvose. Ndizvozvo chaizvo. Vakarohwa, vakaitwa dambe navo.

161 Kamwe kamuparidzi kakwegura kakagara mumba mangu rimwe zuva, kuti vakamudzinga mune rimwe guta, zvino iye nemudzimai wake. Kuti ape vana vake zvokudya. . . Vairara panze pamagumbeze iwayo, magumbeze akanyorova, uye voaturika mumiti uye vorega kuti aome mangwanani. Zvino

vaibva vadzika nenjanji, vachinhongerera tsanga dzechibage imwe chete panguva imwe. Vaiva nekapani kakudhara, vochidzvura nedombo, zvino vaizorarama kwemazuva 12 kana 14 panguva imwe chete, nechibage chakadzvurwa.

162 Maneja wangu wekare, Mwari varopafadze moyo wavo, Hama Bosworth mutana, varimo muDurban, Africa, manheru ano, vari kundinamatira kuti ndiuyeko. Vakarara uko kuTexas, nemusana wavo wakarohwa kuita mavanga, pavakatyisidzira kuvacheka pahuro, nezvimwewo zvese. Pavakafamba neruoko rwakatyoka, vachiedza kutakura sutukesi yavo. Varohwa, nekuda kwekuparidza rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.

163 "Vakaritaira vakapfeka matehwe emakwai nematehwe embudzi, uye vasina chinhu, nemunzvimbo dzemumagwenga; avo nyika haina kukodzera kugamuchira."

164 Machechi makuru akaseka ndokunongedza minwe yavo. Vaiti tiri vaumburuki vatsvene. Pandakavaka . . . ndakaisa dombo repakona apo, vakati vari kuzoshandura chinhu chidiki ichocho kuita garaji. Ave makore 20 akapfuura, uye Mweya Mutsvene uchiri kugara pano. Hareruya! Ndizvozvo. Uye, zvavakataura kuti kwaiva kupengereka nezvimwe zvose, madzimambo nemadzishe pasi rose vakadana! Vanhu vakuru vakapodzwa, masimba aMwari akapararira pasi rose, kusvika iye zvino timire tiri mamiriyoni takasimba. Hareruya! Uye mamwe emangwanani ano . . . Yakapfuura nemuvatsoropodzi, vakati iri kuzotsva. Vakati kwandiri zasi kuno, vakati, "Oo, Billy, warasika njere iwe. Ndizvo zvoga zviripo kwazviri." Kunyange ambhuya vangu chaivo vakati, "Handiti, mukomana uyu ave kupenga." Asi, kana ndiri kupenga, ndiri kuva nenguva yakanakisa.

165 Rega ndikuudze chimwe chinhu, hama. Teerera kune izvi, uye ndinotaura izvi neruremekedzo. Hareruya! Gehena rose harigone kuImisa. Yakagadzwa naJesu Kristu kuti ive saizvozvo, uye ichava saizvozvo. "Nokuti padombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haangaIkunde." Sei, chii ichocho, iChechi yerudzii? "Nyama neropa hazvina kuzvizarura kwauri, Petro. Asi Baba vaNgu vari Kudenga vazvizarura kwauri, chizaruro chepamweya neMweya Mutsvene, cheShoko raMwari. Padombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haangaIkunde." Iri kufambira mberi.

166 Zvino, hama, nekuda kwekuti yakasekwa nekutambudzwa, nekusundirwa kumashure nezvose, rimwe remangwanani ano anobwinya, hareruya, Tenzi Mukuru Anomira muKubwinya achinongedzera varanda vaKe . . . "Kwete nesimba, kwete zvemutsimba, asi neMweya waNgu," ndizvo zvinotaura Jehovha. Kwete nedzidziso yebhaibheri, uye kwete negirama, kwete nezvimwe zvinhu izvozvo; asi nekutenda kuri nyore, kutsvene, kusina kusvibiswa muMwanakomana waMwari

nezvaAkataura muShoko raKe. Ari kugadzira mumwe mufananidzo. Ari kugadzira mufananidzo. Chii ichocho? Chechi yakazadzwa neMweya Mutsvene yaAkafanotemera, nyika isati yavambwa, kuti ionekwe uko muKubwinya kwaKe. Uye mamwe emangwanani ano Achadzika, kubva Kudenga, hareruya, semagineti huru Achatora Chechi diki iyoyo yakatambudzwa, oIrembedza uko muHoro yeMukurumbira, paInopfuura nemudenga, ichidanidzira, "Nguwo yenyama iyi ndichaidonhedza, ndosimuka kunotora mubairo wekusingaperi. Ndodanidzira ndichipfuura nemuchadenga, Chisara zvako! Chisara zvako! Nguva yemunyengetero inotapira!" Ameni!

167 Baba voKudenga, tinoKutendai manheru ano. Handizivi kuti chii chanetsa, ndatongotadza kupinda muchidzidzo ichi, neimwe nzira. Mweya Mutsvene uchifamba, uchiputika, uchifamba napamusoro. Oo, tinoKutendai, tinoKutendai kubva pakadzika pemoyo wedu, nokuda kwerudo rweNyu nesimba. TinoKutendai, Ishe, tinoKutendai nekuda kwevanhu vakazvininipisa avo . . . muzera rino guru rerima zasi kuno. Munguva ino huru yekuzvigutsa, oo, vanozvikudza, vanokarira zvepamusoro, vanoda mafaro kupfuura kuda kwavanoita Mwari, Mweya unotaura pachena kuti munguva dzekupedzisira zvinhu izvi zvichange zvakadaro. Timotio Wechipiri 3, muShoko reNyu, akati vaizova "Nemisoro mikukutu, vanokarira zvepamusoro," vanoziva zvakawanda kupfuura mumwewo munhu wese, "vanokarira zvepamusoro, vasingazvidzori, vanotyisa, uye vanozvidza avo vakanaka, vaine chimiro chehumwari, asi vachiramba simba racho; mufuratire vakadaro."

168 Mwari, Makataura muzuva iroro kuti Muchava neChechi duku, makati, "Musatya, imi boka duku, kuda kwaBaba venyu kwakanaka kukupai Humambo."

169 NdinoKutendai, Ishe, nokuzarura meso angu anonzwisa urombo, ini, murombo akapofomara anosiririsa ndiri kunze uko muchivi, ndakaberekerwa mumhuri izere nezvivi, uye ndakarerwa nechirongo chehwiski. Oo, asi, Mwari, Makachengetedza nekubatsira kwazvo, ndokuropafadza nekugutsa! Ndingaratidza sei manzwiro angu kwaMuri, Ishe? O Mwari, ingoregai aya angova mavambo, Ishe, kuti ndikwanise kudzokerazve kumakona enyika, kwese-kwese, ndichizivisa Mharidzo iyi yerudzikinuro neruponeso.

170 Mwari, zunzai chechi ino duku yekare zvisati zvakamboitika. Dai Mweya Mutsvene ukabata munhu wese ari pano, wovaita kuti vatsanye nekunamata, vogorara nechiso chavo masikati nehusiku, vachidanidzira, Ishe, kusvikira rumutsiriro rwechinyakare rwaputika muno, Ishe, rwugopararira nekwese kuno uye rwugounza nguva dzekare dzichadzosa varume nemadzimai kuna Mwari. Zviiteiwo, Baba, nokuti tazvikumbira muZita raJesu. Ameni. Ameni.

Ngatisimukei.

> Oo, ndinoda kuMuona, ndotarisa pachiso chaKe,
> Ndigoimba ipapo nokusingaperi nezvenyasha dzaKe dzinoponesa;
> Pamigwagwa yeMukubwinya regai ndisimudze izwi rangu;
> Kufunganya kwose kwapfuura, ndava kumusha pakupedzisira, ndofara nekusingaperi.

171 Hareruya! Ndakatarisa nechepazasi apa, ndinorangarira mumwe mutana aisigara apo pandaiparidza Mharidzo idzodzo, achichema, achipukuta misodzi mumaziso ake, obva andimbundira. Rimwe zuva rakajeka ndichaenda kunomuona! Ndinotarisa neche apo ndoona mumwe aisigarapo, zvino Hanzvadzi Weber vekare. Ndinorangarira vaye vakasiyana-siyana. NaHanzvadzi Snelling vaisiimba mukwaya, Hama George vadiki vekare vevhudzi dzvuku vakagara kumashure uko, varipiko? Hareruya! Vakatakurwa mhiriko muzvipfuva, hareruya, vakasimbiswa muHumambo hwaMwari. Ndakavatarisa pavakaenda.

172 Ndakaona Hama George vadiki vachiendako, vakaramba vachitarisa nepamusuwo zvino vachiti haaa, haaa, ndokuti, "Ko kupi...? Chii chiri kuitika?" (Ndanamatira kamuzukuru kavo manheru ano, kanga kachirwara.) Zvino vaibva vatarisa zasi ikoko, zvino voramba...Vakati, "Vari kutarisira Hama Bill."

173 Vakanga vasiri kutarisira ini. Chinhu chekutanga munoziva vakatendeutsira musoro wavo kuMabvazuva, ndokuti, "O Jesu, ndaizviziva kuti Muchandivinga!" Vakatambanudza maoko avo ndokufa, vakabuda kunosangana naMwari. Hareruya! Oo, ini zvangu! Handei Kumusha! MunoMuda here?

174 Handizive kana paine murume kana mudzimai muno, anoti, "Ndinoda kuMuziva muhuzaro hwesimba raKe rerumuko rwaKe," simudza ruoko rwako. Mwari vakuropafadzei, amai. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Munoshaya kuziva kuti sei ndakamirira kudanira vanhu kuartari uku? Ndine chikonzero chazvo. Zvakanaka, simudza ruoko rwako. "Ndinoda kuMuziva musimba rekumuka kwaKe."

175 Simba rakamutswa, hama, handirevi chimwe chinhu chaunofanira kuchera nekudhonza nekuedza. Ndinoreva kuti ingozvisunungura uye Mwari vatokubvuta kare mhiri uko, kune imwe nzvimbo, kwekuti unongova mufaro mukuru kuVararamira. Hapana chinhu mu...Handiti, zvimwe zvinhu zvakatongofa zve—zvekufa zviya, munoona. Hapana chiripo, hapana kana chishuwo zvachose, hapana kupomerwa kune avo vari muna Kristu Jesu. Ini zvangu! Zvinhu zvekare izvozvo zvenyika, haudi kuti uzvisiye, haudaro; Hapana

chekusiya, zvinotongokusiya. Iwe, chaizvoizvo hazvichisipo zvachose, zvinongoenda. Ameni. Vangani vanoda Ishe, itai "Ameni." [Ungano inoti "Ameni."—Mupepeti] Zvitaurei muchinyatsodanidzira. "Ameni!" Zvakanaka.

Tora Zita raJesu pamwe newe,
Mwana . . .

Tendeukai mukwazisane maoko zvino.

. . . uye wenhamo;

176 Kwazisana maoko nemumwe munhu ari pedyo newe, uti, "Ndafara kusangana nemi muno mutabhenakeri," zvadaro wotwasanuka zvakare.

. . . iwe,
Ritore kwese kwaunoenda.

Zita rakakosha, O rinotapira zvikuru!
Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita rinokosha, O rinotapira zvikuru!
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

Zvino chinyararire chaizvo, teererai:

PaZita raJesu tichigwadama,
Tichiwa tozvambarara patsoka dzaKe,
Mambo wamadzimambo Kudenga tichaMugadza korona,
Kana rwendo rwedu rwapera.

Zita rakakosha, (Zita rakakosha!) O rinotapira zvikuru!

177 HaRitapire here? Zvese zviri Kudenga zvinodaidzwa naRo, zvese zviri panyika zvinodaidzwa naRo kuti: "Jesu."

. . . Kudenga;
Zita rakakosha, (Zita rakakosha!) O rinotapira zvikuru!
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

Zvino ngatikotamisei misoro yedu.

178 Mudzidzisi Mukuru, Imi makagara pagomo rimwe zuva, zvino Mukati, "Nenzira iyi imi mose muchanamata":

Baba vedu Vari Kudenga, Zita reNyu ngaRikudzwe.
Humambo hweNyu ngahuuye. Kuda kweNyu ngakuitwe panyika, sezvazviri Kudenga.
Tipeiwo nhasi kudya kwedu kwamazuva ose.
Uye mutiregerere kudarika kwedu, sekuregerera kwatinoita avo vanotitadzira.
Uye musatitungamirire mukuyedzwa, asi tidzikinureiwo kubva kune zvakaipa. Nokuti Humambo ndehweNyu, nesimba, nekubwinya, nokusingaperi. Ameni.

Ivai nemanheru akanaka. Ishe vakuropafadzei.

PaZita raJesu . . .

53-0326 Israeri NeChechi #2
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org